Ныбжьыщlэхэм я зэхэщlыкlым зрегъэужь

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Берлини лъэIэсат

3-нэ нап.

«ЩыкIуращ»

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОKI

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№89 (24.527) ● 2023 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 27 махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Джей щIыхур

4-нэ нап.

● ЩIэ

ЩIалэгъуалэр трегъэгушхуэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек стипендиещIэ игъэуцуагъ. Ар иратынущ оркестрым хэту макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэнымкIэ ехъулIэныгъэ лъагэхэр зыIэрызыгъэхьа музыкант ныбжьыщIэхэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм игъэува стипендиер мазэ къэс ятынущ. 2024 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ. Сом мини 10 хъу а ахъшэр республикэ бюджетым къыхэкIынущ. Зи щIалэгъуэхэр зыпэрыт Iэнатlэм нэхъри тегъэгушхуэным хуэгъэпса мылькур илъэс пIалъэм тещIыхьауэ щытынущ. Ар зратынуэр КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм еубзыху, зэпеуэр и тегъэщIалIэу.

Стипендиер иратынущ зи ныбжьыр илъэс 35-м щIимыгъуа музыкантэм. Илъэс къэс екIуэкIыну зэпеуэхэм хэтхэм ящыщу ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьа цIыхуи 8 къыхагъэбелджылыкIынущ. Ахъшэр зыбжанэрэ иратынкIэ хъунущ а зы цIыху дыдэм, и ехъулIэныгъэхэм тещIыхьауэ.

КъБР-м и Правительствэм къалэн щащIащ стипендиер тыным ехьэлIа дэфтэрхэр зэпэщ ищIыну. Апхуэдэу абы хухах мылькур республикэ бюджетым къыщыгъэлъэгъуэн хуейщ. Гулъытэ хуащIыпхъэщ зэпеуэр илъэс къэс къызэгъэпэщынми, ар къызыхэутынщэу егъэкIуэкIынми.

IуэхугъуэфIхэм пащэнущ

«Урысей зэкъуэт» партым и цIыхубэ программэм къыщыгъэлъэгъуахэр къэкIуэну илъэсищым зэрагъэзэщIэнум ихьину ахъшэр федеральнэ бюджетым къыщагъэлъэгъэнущ. Партым и унафэщI Медведев Дмитрий иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэр араща зытеухуауэ щытар.

АБЫ къызэрыхигъэщамкIэ, 2024 - 2026 гъэхэм тещIыхьауэ зэхагъэувэну бюджетым Iэмал имыIэу къыщыгъэтэн хуейщ цIыхубэ программэм хьыхэ лэжьыгъэхэр зэрагъэзэщIэнур. Апхуэдэуи къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжхэм ящыщу къэнэ къэралым и шынагъэнщагъэр къызэгъэпэщынщ, ар хъумэнри, дзэ Iэзху хэхам хэтхэр зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщынщ.

2023 гъэм мэкъуауэгъуэм и 13-м «Урысей зэкъуэт»-м зэхъуэкIыныгъэ 70-м щигъу хилъхьащ зэхигъэува цIыхубэ программэм. Абы дыщIагъуащ Урысейм къыхыхьа щIыналъэщIэхэм зэрызрагъэужыну щIыкIэрт зы-гъэпсэхупIэ щIыпIэхэр зэIуэзэпэщ зэращIынури.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, партыр зэлэжь мы Iуэхум гуэдзэн 294-рэ хохьэ, Къэрал Думэм и хэхьныгъэхэр къыхэзрихьари а программэращ. Дэфтэрым къыщагъэпэгъуа лэжьыгъэхэр ягъэзэщIну пщэрыльэ зыщащIыж 2021 гъэм къыщыщIэдзауэ 2025 гъэ пщIондэ.

«Къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэр гугъуехьхэр щымымащIэ зэманым зэхьдогъэувэ. Ауэ экономикэм зегъэужьныкIэ цIыхухэм ядэIэпыкъуныкIэ ехьэлIа къалэнхэр зыми зыщхьэщихыркъым. Гъэунэхуныгъэ гугъуэхм дыпэщIэтми, партым дежкIэ нэхъыщхьэр цIыхухэр зыхуей хуэгъэзэнырщ. Абы щыгъуэми, гулъытэншэ тщIы хъунукъым дзэ-промышленнэ IэнатIэмрэ IэщхьIэ Зэщ1эуэзда Къаурхэмрэ зыхуэныкъуэхэр», - къыхигъэщащ Медведевым.

Партым и Генеральнэ советым и секретарь Турчак Андрей къыхигъэщащ хэжаклуэхэр къызэрагъэгугъа псори зэрагъэзэщIэнур къэкIуэну илъэсым и бюджетым зэрыхагъэхьэнур, абы теухуауэ УФ-м и Правительствэми Финансхэмкlэ министерствэми зэрыгурIуар. Абы къикIращи, партым пищэнущ курыт школхэр, сабий гъэсапIэхэр, смаджэщхэр, ФАП-хэр зэгъэпэщыжыныкIэ щIэхэр уэхэныкIэ, гъэугухэм, унагъуэхэм газыр пщIэнщэу ешэлIэным, щIыпIэхэр зэIуэзэпэщ щIынум, нэгъэущI Iуэхуэмэ зэрелажьым.

- КъыхэзгъэщIыну сыхуейт, цIыхубэ программэм хьыхэу егъэджэныгъэмрэ узынщагъэр хъумэныкIэ ехьэлIа Iуэхущапсэхэр зэрауэну ахъшэр бюджетым хэгъэхьэныр «Урысей зэкъуэт» партым хилъхьа зэхъуэкIыныгъэхэмрэ УФ-м и Правительствэм ахэр зэрыдиIыгъамрэ къыхэзрыпэкIуар, - къыхегъэщ КъБР-м къыбгъэдэкIыну УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Родинэ Викторие.

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2022 гъэм «Егъэджэныгъэ», «Демографие» лъэпкъ Iуэхуэм хьыхь лэжьыгъэхэр гъэзэщIэным щытекIуэдащ сом меларди 3-рэ мелуан 642,23-рэ. Дыззэрыт илъэсым ди республикэм цIыхубэ программэм къыщыгъэлъэгъуа унэтIныныгъэ 20-м щолэжь.

2023 гъэм республикэм и къуажэхэм спорт пэшхэр щызэгъэпэщыжыныкIэ къызэгъэпэщынымрэ (курыт еджапIэ 22-м) сом мелуан 24-рэ мин 778,9-рэ хухахащ, къалэхэр зэIуэзэпэщ щIынум (цIыхубэ зэхуэсыпIэу 48-м) - сом мелуан 227-рэ мин 371,1-рэ, щэнхабзэмкIэ Iуэхущапсэхэр зэгъэпэщыжынм (30 мэхъу) - сом мелуани 161-рэ мин 461-рэ.

Депутатхэр хущIокъу УФ-м и Президентым пщэрыльэ къащащIахэр къыщыгъэлъэгъуа цIыхубэ программэр гъэзэщIа хъун папщIэ, дэтхэнэ ухуэныгъэмэ я нэIэ трагъэтыну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Кавказыр зэрахъумар

Хэку зауэшхуэм Iыхьэ щхьэхуэу хэуба, Кавказым папщIэ екIуэкIа зауэзэрылIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ягу къигъэкIыжащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

«НОБЭРЕЙ махуэр Урысейм и тхыдэм «Кавказым папщIэ екIуэкIа зауэ» фIэщыгъэм щIэтущ зэрыхэтыр. 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м щегъэжьауэ 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 9 пщIондэ екIуэкIа зауэзэрылIыр Хэку зауэшхуэм нэхъ кIыхьу хэта зэпэщIэтыгъуэхэм яз хъуащ», - дыкъыщоджэ КъБР-м и Iэтащхьэм и интернет напэкIуэцIым кърилъхьа тхыгъэм. - Дзэм и тхыдэм уриплъэжмэ, Кавказым екъэлIа зауэзэрылIым щIыналъэм зыщIкъумэжа Iыхьи, бийм щебгъэрыкIуи хэту, зэманышхуэ къызэщIеубыдэ. Бийр хущIэкъурт ди къэралым Кавказым щIэ экономикэ лъабжьэр щIидуд, адэкIэ Совет Союзым нэхъри нэхъ кууэ ихьну. Арат Гитлер и пыхъуэпышэхэм ди къэралым и апщэ лъэныкъуэм къаруушхуэ щIрахьэлIар. «Зы лъэбакъуэкIэ фыкъимыкIуэт!» къыхуеджныгъэр Дзэ Плъыжьым гуэдзэ нэхъыщхьэ хузэхуэуэ щытащ а лъэхъэнэм.

1942 гъэм и кум бийр Сталинград лъэныкъуэмкIэ кIуатэри, Кавказ Ищхъэрэм ебгъэрыкIуэн щIидзат. «Эдельвейс» зыфIаща а операцэр зэрыпхъуакIуэхэр зэрызэтракъутамкIэ ихуащ. ЛъэныкъуитIыр щызэпэщIэт гъунапкъэм и кIыхьаГъкIэ къалэ, къуажэ къэс лъышхуэ щагъэжащ, куэдри щыхэкIуэдащ.

Ди сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ зэрахьа лIыгъэм и фIыгъэкIэ Дзэ Плъыжьым къэхъулIащ бийм и мурадхэр зэпидынкIэ, нэмыцэ-фашист зэрыгъуакIуэхэм Кавказыр Iорамыгъэхьэныр. Сталинград дежи щытекIуа иужь, ди армэр ипщэ лъэныкъуэми ипэкIэ кIуэтэн щыщIидзэри, Налшык, Владикавказ, Ставрополь, Мейкъуапэ къалэхэр зэкIэлъыкIуэу хуит къащIыжащ. Дэнэ дежи лъы лъэужь къыщагъонащ фашистхэм, мин бжыгъэкIэ цIыхухэр щызэтраукIащ, куэдым лъапсэрыхьр къыхуагъэкIуащ. А гуэзвэгъуэм епха гукъэкIыжхэр нобэми ящыгъупщакъым.

Кавказыр хуит къыщащIыжа зауэзэрылIым ди къэралым щыпсэу лъэпкъ псоми хэтащ. Дзэ зэгухьанысэхэм зэкъуэту лIыгъэшхуэ зэрахьащ, Кавказым щыщхэр езыхэм я гукъыдэжкIэ зэгухьэхуэрэ зауэхэрт, зэрызахъумэж ухуэныгъэхэр ящIырт, армэм зыщIагъакъуэрт.

Илъэс 81-рэ ипэкIэ къэхуа Iуэхум иджы мыхьэнэщIэ игъэтащ. Ноби Урысейр фашизмэм йоза уэ, цIыхум хуэмыфащэ хабзэр къезыхьэжьахэм ялэщIэту. ТекIуэныгъэр иджыри дыдей хъунущ! Лъахъышу зыфхудогъэщхъ Кавказыр зыхъумахэм фи лIыгъэ мыкIуадыжьнум. ХэкIуадэхэр зэи тщыгъупщэнукъым!»

Къэралыр зыдэIэпыкъуэхэр

2023 гъэр къызэрихьэрэ Урысейм и Социальнэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм сабий мини 120-м я адэ-анэхэм мазэ къэс зэрызыщIагъакъуэ ахъшэр хуагъэуващ. Апхуэдэуи цIыхубэ уэндэгъу мини 3,5-м дэIэпыкъуныгъэхэр ират.

ЗИ гугъу тщIы ахъшэр къаIэрыхьэн щхьэкIэ, зэрыхабзэу, адэ-анэхэм зыщIагъэтхэн хуейщ «Къэрал Iуэхутхэдзэхэр» порталым. АдэкIэ а Iуэхур зи нэIэм щIэт Iуэхущапсэхэр абыхэм я дэфтэрхэм холъэжь.

КъыхэзгъэщIрэхъащ, адэ-анэхэм мазэ къэс къаIэрыхьэну дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдизынур унагъуэм и хэхъуэм зэрелъытар. Ар щIыналъэм ущыпсэун папщIэ зы сабийр нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеинур зыхуэдизым и процент 50 хъункIэ хъунущ. ДэIэпыкъуныгъэм и процент 75-р хуагъэув унагъуэм ику ит и хэхъуэр цIыхур ирипсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм нэхъри щынэхъ мащIэм дежи. Ахъшэр зыри къэмынэу проценти 100-кIэ зратыр ипэкIэ зи гугъу тщIа процент 75-р хуагъэува ижьыкIи, зи хэхъуэр цIыхур ирипсэун папщIэ зыхуейм нэхъри итIани щынэхъмащIэрщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, зыуэ щыт къэралым дэIэпыкъуныгъэм къызэщIиубыдащ нэхъ и пэкIэ щыIа къэралым дэIэпыкъуныгъэ зыбжанэ: апэ - ещанэ сабий къызыхэхъуэхэм ираты, илъэси 3-м къыщыщIэдзауэ 8-м нэс зи ныбжь сабийхэм хуагъэзыву, илъэси 8 - 17 зи ныбжьым зэрызыщIагъакъуэр, апхуэдэуи уэндэгъу хъуа бзылъхугъэхэм мазэ къэс яIэрыхьэ ахъшэр. Зыуэ щыт къэралым дэIэпыкъуныгъэм техьэхуенкIэ, зи гугъу тщIа дэIэпыкъуныгъэхэр зыхуагъэувахэм яIэрыхьэнущ зытещIыхьа пIалъэм нэсыху. Абы щыгъуэми адэ-анэхэр хуитщ иджыпстуи зыIу щыт дэIэпыкъуныгъэм - сабийхэм я илъэс бжыгъэм ельытауэ зэпыимыдауэ, 0-кIэ къыщыщIэдзауэ (сабийр ныбэм щилъыж) 17 хъуху зэрат щыкIэм - техьэжьину.

КъыхэзгъэщIрэхъащ, дэIэпыкъуныгъэр къуатын щхьэкIэ УФ-м и цIыхуу ущытын зэрыхуейри. КъищынэмыщIауэ, адэ-анэхэм лэжьыгъэ яIэ-ямыIэри Iуэхум къыхалъытэ.

Урысейм и Социальнэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм мы илъэм ехьэлIауэ уздэсценалъэ хъунущ телефон щхьэхуэ иIэщ: 8-800-200-06-70.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъэ.

Педиатрие къудамэм и ягъэ гупыр

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ академием и педиатрие къудамэр ягъу мы гъэм къэзыуха ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэрызрагъэгъуэтам щыхьэт техъуэ тхылъыр щратыж зэIущIэр Iэтауэ къызэрагъэпэщащ. Абы хэтащ КъБР-м Узынщагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и Лыкlуэхэр, университетым и ректор Дзыгуанэ я адэ-анэхэр, благъэ-Iыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр.

1966 гъэм къызэIуахауэ щытащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр. Илъэс бжыгъэ куэдкIэ ар къэгъуэгурыкIуащ «Лечебное дело» къудамэм фIэкIа имыIэу, иужькIэ стоматологиер къызэIуахауэ щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и медицинэ унэтIныныгъэр егъэлеяуэ хуэныкъуэт педиатрхэм икIи ахэр щагъэхъэзыр къудамэ республикэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и еджапIэ нэхъыщхьэм къыщызэгъэпэщыныр щIыналъэм IэнатIэм зыщIижьыныкIэ хэкIыпIэ хъарзынэт. Абы ипкъ иткIэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, медицинэ къудамэм сабий узыфэхэмкIэ, акушерствэмрэ гинекологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI Жетишев Рашид педиатрие къудамэр къызэIуахынымкIэ къыхилъхьа жэрдэмыр университетым и ректорым дилIащ. 2016 гъэм кафедрэм игъэхъэзыращ къудамэщIэр зэраубзыху программэмрэ ар лэжьэну хуит зыщI тхылъхэмра. УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм а дэфтэрхэр щыпхыкIа нэужь, Iуэхум замыгъэгувэжу иужь ихьащ. Апхуэдэу 2017 гъэм контракткIэ къащта ягъэ гупым педиатрие унэтIныныгъэмкIэ еджэн щIадзащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым, 2018 гъэм, бюджет тIысыпIэу 25-рэ иIэ хъуащ, контракткIи апхуэдиз дыдэ хъищтащ. 2021 гъэм пщIэншэу еджэ студентхэм я бжыгъэм хэхъуащ - а илъэсым ныбжьыщIэ 50 щIэтIысхьащ къудамэщIэм.

КъБКъУ-м и медицинэ академием и педиатрие къудамэр ягъэу къэзыухахэр ныбжьыщIэ 18 мэхъу. Абыхэм ящыщу зым еджапIэм и Диплом плъыжьыр къихьащ. Педиатрие къудамэм и унафэщI Жетишев Рашид унэтIныныгъэр къызэрыунэхуам, зэрызэфIэувам, абы щIыналъэм сабийхэм я узыншагъэм кIэлъыплъын и Iэнатlэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм и гугъу ищIащ, апхуэдэуи ар къэзыух гупым куэдкIэ зэращIыгугъэр къыхихIэщи, дэтхэнэри зыпэрыувэну Iэнатlэм зэфIэкI лъагэхэр къыщагъэлъэгъуэну зэригуапэр жиIащ.

- Узыншагъэр хъумэн Iэнатlэ жэуаплныгъэшхуэ зыхэлъым къыхыхьэ ныбжьыщIэхэр гъэзгу махуэ тешэныр си дежкIэ пщIэшхуэ зиIэ пщэрыльэ. Пщадей щегъэжьауэ фэрэ дзэ дыздэлажьэгъэщ, абыи срогушхуэ. Фэ къыхэфха унэтIныныгъэр адрей псоми хуэдэжкъым, ар зэпхар сабийм и узыншагъэращи, - жиIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министрым и иуэдзэ Къармэ Маратэ. - Сабий дохутырым и Iэщlагъэм ехъулIэныгъэ щIэн щхьэкIэ Iэзагъышхуэ бгъэдэлъым и мызакъуэу, а цIыкIуэри фIы дыдэу илъагъун хуейщ. Жьыуаплныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхущ фызызэрыувэр, шэч кьыетехъэркъым фи зэфIэкI псори ефхьэлIэу дэтхэнэми фи Iэнатlэр зэрефхьэкIынри. Абы и лъэныкъуэкIэ фи егъэджакIуэхэм къывата щIэныгъэр, лэжьыгъэм и пIалъэм зыщыжвагъэгъуазэм щапхъэ фхуэхъуэ докутырэм я Iуэху бгъэдэлъэкIэхэмра я чэнджэщхэмра фи гъуэгугъэлъагъэ нэхъыщхьэщ. Сыт хуэдэ Iуэхуэкли дэIэпыкъуэгъу къыщыфхуэхъунущ КъБР-м Узынщагъэр хъумэныкIэ и министерствэм, фэркIэ абы и бжэкэр сытым дежи зэIухащ. Республикэм и медицинэ Iуэхущапсэхэр хуэныкъуэщ фэ фхуэдэ IэщlагъэлIэхэм, абыхэм дэтхэнэми лэжьыгъэ Iэнатlэ щигъэутынущ. ФызыдыкIэсам фыкъыщымыувыIэ, фи щIэныгъэм, Iэзагъэм зэрыхэвгъэхъэным фыхущIэкъу, щIэ гуэр къэзыщIэну хущIэкъу цIыхурщ лъагапIащIэхэм нэсыфэр. Фи мурадхэм фалъэIэсу, екъулIэныгъэхэр фиIэу, къыхэфха Iэщlагъэм и хьэр фIъагъуэ фи ГъащIэ гъэгуанэм фриIэну сыныводхъуэхъу.

ЩIхьэщэмыщI Иэз.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ди хьэпшыпхэм къагъэзэж

Урысейм сату зэхущытыкIэхэмкIэ и къэпщытакIуэхэм къызэрагъэлъагъэмкIэ, тыкуэнэм ди къэралым щыIэхъуэхэр хьэпшыпхэм фIэкIа зытемылъ телъхьэлIэ щхьэхуэхэр къыщыIэнэхуу хуэжьащ.

- АБЫХЭМ нэгъуэщI къэралхэм ейхэр яхэлъхьэн, хьэмэрэ абыхэм къапкIыухьэ хуейуэ траухуауэ арахьы - санкцыхэм я фIы къэзыгъэзэн ди хьэпшыпхэр нэхъыбэу икIи куэдкIэ нэхъ зыхуей хуэзауэ къыщIагъэхIыу аращ, - жаIэ кIэлъыплъакIуэхэм.

Налшык и хьэпшып щапIэхэмэ нэрылъагъуу зэхъуэкIыныгъэхэр ягъэзэну хуежьащ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ цIыхур зыхэлIэну щытахэрэ яджы кърагъэльагъуэкIэ шурэ лъэсрэ я зэхуакуэ. Китайм и хьэпшып фIагъэ щIагъэ зыбгъэдэмылъхэм икIи фэнщэхэм я пIэм къиувэу хуежьащ, Урысейм щагъэхьэзырхэм къищынэмыщIауэ, ди къэралым сату къыщадыкIну хуейуэ зи гупэр къыхуэзыгъэзэ щагъэлъагъэ я хьэпшып хъарзынэхэр. Iуданэ Iэрыщlкlэ зэIуща щэкI Iисрафэмрэ абыхэм къыхэщIыкIауэ илъэс тIощIырыпщIкIэ цIыхухэм иращIэмрэ я Iэужьыр ноби кIуэдыплуэ пхужымыIэну, абыхэми уащрихьэлIэ кIохьу. Ахэр къызыхэщIыкIар зэрыщIту хъэфэщ жьыпIэну, зэпоIэф, жьыр пхыкIырхьым, щыбжьыщIу къуэдкIэ а къызыхащIыкIа - санкцыхэм я фIы къэзыгъэзэн ди хьэпшыпхэр нэхъыбэу икIи куэдкIэ нэхъ зыхуей хуэзауэ къыщIагъэхIыу аращ, - жаIэ кIэлъыплъакIуэхэм.

Налшык и хьэпшып щапIэхэмэ нэрылъагъуу зэхъуэкIыныгъэхэр ягъэзэну хуежьащ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ цIыхур зыхэлIэну щытахэрэ яджы кърагъэльагъуэкIэ шурэ лъэсрэ я зэхуакуэ. Китайм и хьэпшып фIагъэ щIагъэ зыбгъэдэмылъхэм икIи фэнщэхэм я пIэм къиувэу хуежьащ, Урысейм щагъэхьэзырхэм къищынэмыщIауэ, ди къэралым сату къыщадыкIну хуейуэ зи гупэр къыхуэзыгъэзэ щагъэлъагъэ я хьэпшып хъарзынэхэр. Iуданэ Iэрыщlкlэ зэIуща щэкI Iисрафэмрэ абыхэм къыхэщIыкIауэ илъэс тIощIырыпщIкIэ цIыхухэм иращIэмрэ я Iэужьыр ноби кIуэдыплуэ пхужымыIэну, абыхэми уащрихьэлIэ кIохьу. Ахэр къызыхэщIыкIар зэрыщIту хъэфэщ жьыпIэну, зэпоIэф, жьыр пхыкIырхьым, щыбжьыщIу къуэдкIэ а къызыхащIыкIа - санкцыхэм я фIы къэзыгъэзэн ди хьэпшыпхэр нэхъыбэу икIи куэдкIэ нэхъ зыхуей хуэзауэ къыщIагъэхIыу аращ, - жаIэ кIэлъыплъакIуэхэм.

Цыхуэм я нэхъыбэр абы есакъым е цыкужащ: щэкIыкфIым и къуэлэн зэхэлъыкIэ къудейм куэд къыбжеIэ, дзайнер лэжьыгъэшхуэ зэрыращIылIар плъагъуу. Ар сыткIэ хэгъуэщн плъыфэу щыIэр щызэхаджа щыгъныныгъэм? Цыхьу псоми творческэ еплъыкIэ щхьэ къызыкъуамыхрэ жьыпIэуи бгъэхъуаншэ хъунукъым, ауэ зыри зэран къыгъэхъурэкъым бжьахуцыр, цыр, чэтэнкIэ, чэсыргкIэр адрей щэкI Iэрыщlхэм кьахэтIыцIыкIыфу дыщытыныкIэ щэкI Iэрыщlэхэр пщыгъын къудейр (псом хуэмыдэу гъэмахуэм) зэрызэраныр кьыдгурыIуэныкIэ. Абы къыхэкIыу нобэ екIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм дэтхэнэ зы цIыхури щыгуфIыкIыпхъэщ. Урысейм и текстиль, вакъэ фабрикэхэр зэфIегъэувэж, щэкI кьабзэлъабзэхэм къыхэущIыкIа хьэпшыпхэм, тепIэнщIэлъынхэм хуэм-хуэмурэ бжьыпэр яубдыж. Е мыхъу фIы хъужьыркъым жьыхуаIэращи, тэмэмыр кьыбгурыIуэн щхьэкIэ апхуэдиз хьэпшып Iеймрэ фIеймрэ упхьикIын хуей мэхъу.

Ди щыхьэрым и тыкуэнхэм иджыпсту куэду къыщIалъхьауэ урохьэлIэ Корее Ипщэм къыща щыгъныныгъэхэм: ахэр дахэщ, екIуэ, зэрыдам дэбгъуэн щыIэкъым. Зэ еплъыгъуэкIэ кьыбощIэ егугъуу зэрадар, гъэмахуэм хуэкIуэу, абыхэм я нэхъыбэр къызыхэщIыкIар чэтэнырщ. Абыхэм фIагъкIэ къакIэрыхурксым Белоруссием, Бангладешым, Къыргызым, Узбекистаным, Таджикистаным кьрашхэри, уеблэмэ мы иужьрейхэм совет лъэхъэнэм щыIа дыкIэр яхьумащ.

Шведхэм дуней псом кьрагъэлыжа «IKEA»-р тыкуэнхэу, псом ягъу зи хьэпшыпхэр зыубыдыжахэм, яIуэ иджыпсту куэд урихьэлIэжьыркъым. Налшык дэта апхуэдэ сату щIапIэ зыбжанэм я фIощагъэхэри яхьэжащ, ар зеяхэм я хьэпшыпхэмрэ унэтIащIэхэмрэ (псори къызыхэхьр псейрт) я пIэм иджы дыдэ кьиуващ, уеплъкIэ къыхуымыщIыкукIыу, апхуэдэ унэлъащIэ псынщIагъуэхэр.

Тыкуэнын и утыкум псей кьабзэм къыхэущIыкIа Iэнэ пIимэ дахэ щыкIу итт, «IKEA»-м зэрейм щэч лъэпкъ кьытедмыкIу. Сату зыщIым дыщеупщIым кьыджиащ, ахэр щIадзауэ Налшык зэрыщащIыр. Ятэреймрэ абыхэмрэ зэбгъэдэбгъэувэу уеплъкIэ пхуэзэхэунутэкъым дэтхэнэр дэтхэнэм ейми. Хэт ищIэрэ, а санкцэхэми пхыкIын хуейуэ къыщIэкIынт ди пхьащIэ, дэрбэзэр Iэзэхэм я зэфIэкIыр сэтей кьэхьн, я Iэдакъэщ1экIхэм утыкур яубыдыжын папщIэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Ныбжьыщ1эхэм я зэхэщ1ыкIым зрегъэужь

● Iуэху зехьэкIэ пэрыт

Иджырей курыт еджапIэхэм я пщэ къыдахуэ къалэнхэр куэд мэхъу икIи лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэр къызэщIабыдэ. Псом нэхъыпэ нэхъыщхьэр школакIуэхэм зэнгыпэ куу етыныщ, дауэ а Iуэхугъуэм зыкIи небдзых ькIунчкъым гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэри. Уеблэмэ гъэсэныгъэр и лъабжьэу уху дерсыращ екъуалIэныгъэ къызыпкIуэри хъер къозытри. Зи хьэл-щэнкIэ дагъуэ зыхуэмыщ еджакIуэ цIыкIуэхэщ уи псалъэм иIэ къарури мыхьэнэри нэсу зыхэзыщIэфыр.

СЭ ИЛЪЭС куэд лъандэрэ егъэджакIуэу солажь. Курыт школым щеэгъэджи предметыр егъэджэныгъэ программэм кьызэщIибыдэхэм ящыщу нэхъ хьэлэмэт дыдэр арауэ кьысщоху. Химиещ абы и фIэщыгъэр. А предметым щIэныгъэ дунейм щиубыд увыпIэр нэрылъагъущ, лейуэ утемыпсэлъыхьми, гурыIуэгъуэщ. Кьинэмыщ1ауэ, химием нэхъ куууэ хуеджэну, а щIэныгъэм хэлъ щэхуэхэм щыгъуазэ зыхуащIыну хущIэкъуэ ныбжьыщIэхэм я бжьыгэри зэпщIыкIыу нэхъыфIэхуэ щIапхъэу ирагъэкIыжынкъым. Щапхъэу ирагъэкIыжынкъым 2023 гъэм екIуэкIа къэрал къэпщытэныгъэхэм хэтахэм ящыщ куэдым химиер ЕГЭ-уэ ятыну кьызэрыхахар. Апхуэдэу уэзыщIэгуфIыкI хъуну Iуэхугъуэ а предметымкIэ щIэныгъэфI кьызэпхьагъэ зэрымымащIэр. Псальэм папщIэ, мыгъэрей ЕГЭ-хэр зытатхэм ящыщу балли 100 кьэзыхьахэм уаэхэпльэмэ, я нэхъыбапIэм химиеращ апхуэдэ щIэныгъэ лъагэ кьызэрагъэпльэгъуар.

Зыхэтественныгъэ щIэныгъэхэм уаэхэпльэмэ, химием я гупми увыпIэшхуэ щеубыд. А предметымкIэ егъэджакIэм бгъэдэхэ зэхэщIыкIым куэдкIэ елъытащ щIыуэпсым и зэхэщIыкIэ кьызэзыгуIуэр, абы щызекIуэ химием ЕГЭ-уэ ятыну кьызэрыхахар. Апхуэдэу уэзыщIэгуфIыкI хъуну Iуэхугъуэ а предметымкIэ щIэныгъэфI кьызэпхьагъэ зэрымымащIэр. Псальэм папщIэ, мыгъэрей ЕГЭ-хэр зытатхэм ящыщу балли 100 кьэзыхьахэм уаэхэпльэмэ, я нэхъыбапIэм химиеращ апхуэдэ щIэныгъэ лъагэ кьызэрагъэпльэгъуар.

Зыхэтественныгъэ щIэныгъэхэм уаэхэпльэмэ, химием я гупми увыпIэшхуэ щеубыд. А предметымкIэ егъэджакIэм щIэныгъэ лъабжьэ зэрыIэмэрэ щIыхуэхэм щIыуэпсыр хьумэным ехьэлIауэ яхэлъыщхьэ щэнхабзэмкIи епхащ ар. Химиеи и кьалэнщ щIыхуэхэм, школым и гугъу пщIымэ, ныбжьыщIэхэм дунейр, гъащIэр, псэуныгъэр зэрызэхэлъым ехьэлIа щIэныгъэ яригъэзыгъэтыну. Апхуэдэ щIэныгъэхэр махуэ кьэс гъащIэм IэмалышIэу кьыщыдгъэсэбэп, дыхуей-дыхуэмеймии. Абы кьыхэкIыу школакIуэхэр а щIэныгъэм дегъэзхьэхыныр, абы и зэхэлъыкIэм нэхъ куууэ щыгъуазэ хуэщIыныр хуэдэщ щыхуэ ящIыжм хуэбгъэхьэзэныным, гъэсэныгъэрэ зэфIэкI гуэрхэмрэ ябгъэдэлъхьэныр.

Дауи, химиер адрей предметхэм ещхькьым: школым щаджжэм ящыщу дэтхэнэми езым и щхьэхуэныгъэ зэриIэжым хуэдэу, абыи хэлъщ гулъытэшхуэ зыхуэщIипхъэ Iуэхугъуэхэр. Псом япрауэ, ахэр пыщIащ гъащIэр щынагъуэныгъэ щыным, сыту жыпIэмэ химиемкIэ ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр щытынкIэ хъунущ къэзэрымыкIуэу, абы уху эмыхьхьэзырмэ е Iуэхум телащIыхьа щIэныгъэ убгъэдмыпIэмэ. Химиер щIэныгъэм ехащ дунейм, гъащIэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм я нэхъыбапIэр.

Ныбжьыщ1эхэр химием дегъэхьэхыным, ар нэхъри яфIэхьэлэмэт щыным хуэгъэпсауэ егъэджакIуэхэм лжжыгъэм Iэмал куэд кьыщыдгъэсэбэп. Псом япрауэ, сабийр набдзэгубдзапIэуэ щытыным кьыхуэдодж, кьэхъуэкащIэм тэмакъкIыхьу, шыIэныгъэ хэлъу кIэлъыплъыфу, гу зыльатамрэ я нэгу щIэкIамрэ зэпкърыхауэ кьэхуэтэжыфу идогъасэ, ЩIыуэпсым и хабзэхэр куущ, хьэлэмэтщ, гъащIэгъэунэ. Химиер фIыуэ зыльагъу, абы дилъэх ныбжьыщIэм нэхъ тыншу кьыгуроIуэ абы и зэхэлъыкIэр, кьэхъуэкащIэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр зэхэщIыхьхI. Я ныбжь елъытакIэ ныбжьыщIэхэм егъэщIэн хуейр химием кьызэщIибыдэ Iуэхугъуэхэр, япэщIыкIэ теориекIэ, кьыкIэлъыкIуэу практикэкIэ. Ныбжьыщ1ым и гупсысэм хьэкъуу пхыIкIын хуейщ химиемкIэ къэхутэныгъэхэм кьашэфыну сэбэныгъэри зэрарагъэри.

Химиер курыт школхэм зэрыщадж программхэри тхыльхэри зэхэгъэуващ ныбжьыщIэхэм ябгъэдэлъ зэхэщIыкIым кьызэрыгуIуэр, абы щызекIуэ химиемкIэ щекIуэкI зэхэщIыкIэ кьызэрыгуIуэр, абы щызекIуэ хуейщ химиемкIэ щекIуэкI зэхэщIыкIэ. Теоремеи и лъабжьэщ атомымрэ молекулэмрэ зи лъабжьэ щIэныгъэр, химиеи зэпыщIыныгъэхэр, еджагъэшхуэхэм, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм яубзыхуэ хабзэхэр я тегъэщIапIэмэ. ХимиемкIэ курсыр курыт школым зэрыщрагъэдж тхыльхэм яхэлъ фIагъ нэхъыщхьэхэм хальытэ ахэр зыхабзэм тету, ныбжьыщIэхэм я ныбжьым ельытауэ тэмэму зэкIэлъыхьауэ, нэхъ кьызэрыгэкI, кьызэрыкIуэ Iуэхугъуэхэу зэхэлъыригъэжьугъуэ зэрыщIыпхъэ щIэныгъэхэр ефIэкIуэ, сату, инвестицэ Iуэхугъэм къат хэхъуэр нэхъыбэ мэхъу. КьищынэмыщIауэ, Урысеим и мурадщ Африкэм щIыбэ тхьэмыщкIагъэм пэщIэтыныжкIэ, Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм пэрытым иджырей Iэщ1агъэлIхэр гъэхьэзыныжкIэ, ерыскъы щынагъуэншагъэр кьахуэзэгъэпщынымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIэхэр иригъэкIуэжкIыну.

Гурыщхъуэр лъабжьэншэщ

Молдавием и вице-премьер, хамэ къэрал Iуэхуэмкlэ и министр Попеску Николай наIуэ кьыщIащ къэралым щыIэ урысей дипломатхэм я бжьыгэр нэхъ мащIэ щIыным теухуауэ кьащта унафэр. Абыхэм гурыщ-хъуэ ящI Урысеим и посольствэм и лэжьакIуэхэм къэралым щыIэ щытыкIэр къэгъэтIэсхъэным я Iуэху халъхьэу.

«Дипломатхэм я къалэныр къэралхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм зегъэужьныныр, дэ гу зылъытэр нэгуэущIу», - кьыхигъэщащ министрым.

УФ-м и лIыкIуэу Кишинёв щыIэ Васнецов Олег жиIащ апхуэдэ унафэр къэралитIым я зэхущытыкIэм зэран зэрыхуэхъуэр. «Абы кьыкIыр дзыхь кьытхуамыщIу араущ, ар зэпыщIэныгъэ, зэныбжьэгъуэ зяку дэлъ къэралхэм я дежкIэ тэмэмкъым. Апхуэдэ гурыщхъуэр щхьэусыгъуэ кьудейщ, куэд щIауэ зыхущIэкъуэ Iуэхур - урысей дипломатхэм я нэхъыбэр къэралым ирагъэкIыжынкъым - зрагъэхъуIэным хуэунэтIауэ», - жиIащ Васнецовым.

Бадзэуэгъуэм и 27, *махуэку*

♦ **1922 гъэм** Адыгей автономнэ областыр кьызэрагъэпэщащ.

♦ **1981 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ академиер кьызэIуахащ. Иджы ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ университетщ.

♦ **1991 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ президент кьулыкъур.

♦ **1924 гъэм** кьалъхуащ адыгэ усакIуэ, драматург **Чуякъуэ Джэфар**.

♦ **1928 гъэм** кьалъхуащ Социалист Лъжыгъэм и ЛIыхъужь **Iэбубэчыр Нажмудин**.

♦ **1936 гъэм** кьалъхуащ медицинэ щIэныгъэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щомахуэ Алексей**.

♦ **1940 гъэм** кьалъхуащ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ тхаIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Чуякъуэ Инус**.

♦ **1947 гъэм** кьалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артистка **КIэнэт1Лидэ**.

♦ **1952 гъэм** кьалъхуащ адыгэ тхаIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, щIэныгъэлI, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Къуиикъуэ Асфар**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щIыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 19 – 24-рэ щыхьынущ.

Бадзэуэгъуэм и 28, *мэрем*

♦ **Гъуэжь узым ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦ **1957 гъэм** Москва къалэм кьыщызэIуахащ щIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я VI дунейпсо фестивалыр. Абы хэтащ къэрали 131-м кьикIа ныбжьыщIэ мин 34-рэ. «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблыр а фестивалым и пауэрет хъащ.

♦ **1900 гъэм** кьалъхуащ Сирием щыпсэуа жылагъуэ лэжьакIуэ, Сорбоннэ дзэ университет цIэрыIуэр кьэзыуха, «Шорджэсхэм я тхыдэр», «Пащтыхьхэм я бийуэ щэрджэсхэм ирагъэкIуэкIа зауэхэр» лэжьыгъэхэр зи Iэдакъэ кьыщIакIа **Сэмгугъу Iэмин.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх кьыщIыщынущ. Хуабэр махуэм градус 25 – 29, жэщым градус 18 – 19 щыхьынущ.

Зыгъэхъэзырар
щхьэщэмыщI Иэзэщ.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

ЩIэ ягъэIущ щхьэкIэ, жьы яущижрэ?

● КъБР-м и прокуратурэм

Пщым фIым ухуишэркъым

Шэрэдж район прокуратурэм диIыгъащ щIыхуэхэм ахъшэ яфIэзыдыгъуар зэрагъэкъуаншэр.

Районыр прокурорым и дзэплькъуэгъу Вовк Алексей арэзы техъуащ Т. теухуа уголовнэ Iуэхуэм ягъэзэжаныгъэ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм кьыщыхьа щIэпхъаджагъэр (гъэпцIынэгъэ, нэгуэущIым и мылъку гъэпцIагъэкIэ кьыщIэхьын, абыкIэ а цIыхум хэщIыныгъэшхуэ игуэгъу) илажьауэ.

ЗэраубзыхуамкIэ, Т., «Ватсап»-р кьыгъэсабэпэрэ, лей зытехьэхэм яхуитэлъэгъуащ мазэ кьэс ахъшэ зэхэзылхьэныр гупым кьыхьыхьэну икIи адзкIэ я чэзыр къэсмэ, езыхэми ахъшэшхуэ иратыну кьигъэгугащ. ЯгъэкIуэаншэм и картэм цIыхухэм ахъшэр хуагъэхьырт, иужьым а цIыхубзым ахъшэр идыгъури, езыр зэхуэхуйеу кьигъэсэбэпащ.

Судым Т. кьуаншэу кьилъытащ икIи условнэу илъэси 2 тралъхьащ.

Наркотикхэк1эхэр игъэк1ыным пыщ1ат

Дзэлыкъуэ районым и прокурорым и дзэплькъуэгъу Жэрыкъуэ Алим арэзы техъуащ РСО-Аланием щыпсэу Ц. теухуауэ я къаIэта уголовнэ Iуэхум. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 228-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр (наркотикхэкIэхэр куэду игъэкIыным яужь ихьэн) илэжьауэ.

Зи суд ящIам Ставрополь къалэм щыIэу хабзэншагъэкIэ героин зыIэригъэхьащ. Адэкlэ, 2022 гъэм и жэпуэгъуэм, таксикIэ Ингуш Республикэм кIуэу, ар «Малка» къышащIыпэ постым деж щаубыдащ. Кьыщащым полицэм и лэжьакIуэхэм абы кьытрахащ Назрань къалэм щэху гъэтIылъыпIэхэм деж щригъэкIыну игугъа героин.

Судым Ц. кьуаншэу кьилъытащ икIи илъэси 9 гупльащ, тутнакъэр ткIийуэ щаIыгъ колонием исыну.

УАРДЭ Жантинэ.

Зым и закъуэ зыщихъуэж къэхъуркъым

Гъэмахуэр фIыуэ зымыльагъу къэгъуэтыгъуейщ: хуабэщ, дыгъэпсщ, псы Iуфэхэр гухэхъуэгъуэщ, арщхьэкIэ зыщыдгъэупщэ хъунукъым а дуней дахэ зэщIэгъэгъам дыззыщимызакъуэр. Дэнэкъи бадзэхэр, цIыкIыкIуэр, аргъуейуэр щызопьэта, къыпетIысхьэу къыздэродзэкъэным хэту. Абыхэм мыхьэншхуэ едмыт щхьэкIэ, а дызэригучъэм хуэдэу шынагъэншэкъым. Араущи, дэтхэнэ зыми щIапхъэщ апхуэдэхэм язэрыпсэгъэтынуэр.

БАДЗЭ дамэ кIыхьэмрэ цIыкIэхэмрэ шынагъэншэщ - ахэр дзакъэркъым. Аргъуейр зрашалIэ цIыхум и лъым хэт витамин, химие пкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыI мэзм. Пщым, бжьым, щхьэщIыным ахэр сыткIи ящхьащ. Щхьэм и щIыфэм ахэр щыгетIысхьэ куэдейр зыхащIэркъым, я щэрэзыр здыхаIур езыхэм я капкърыкI анестезие пкъыгъэмкIэ ягъэунэдзащхъэуэр.

Урысеим и мэзхэм, паркэм, лъэс зекIуэлIэхэм щыкуэдщ хъум-пIэцIэдж гъуэлпIыфэ инхэр. Ахэр кьыщодзакъэкIэ мэуз икIи а дзэкъапIэхэм кьыркIуэнкIэ хъунур зыми ищIэркъым. Псальэм папщIэ, аллергие зэуэ кьиутыныкIэ мэхъу хъэдзыгъэнэм, бжьым, хьэдзыгъэншхуэм, кьэдыщ дзэлым; хъумпIэцIэджым, тарантул шынджрыхьуэ лIэужьыгъэм, скорпионым щхъуэх кьыпхаIэнчуэ; гъуэнэдэсщ, щыв лIэужьыгъуэ щхьэхуэхэр, аргъуейр, мэлхьэпIа-тIэр, бадзапIэр, гъудэ бадзэр, уеблэмэ а зыкIэ зэрэн хуэмыхьуу ди гугъэ бадзэр зэдзакъэ щIыфэр кьэпщынкIэ, плъыжьу кьилъэлынкIэ, узынкIи шхэнкIи мэхъу, ижькIэ бетэмалу е екIуэнри хэлъщ. АтIэ сыт апхуэдэхэм зрэ мардзэкъм изагъэ план щхьэхуэхэм тету кьызэгъэпэщащ.

Химиер джын щIэзэщдзагъащIэхэм яхухэхауэ мэлажьэ «Химием и зэфэкI тельыджэхэр» гупжьейр. Абы нэхъыбэу кьекIуэлIэр 8 - 9-нэ классхэм щеджэжрэщ. А зэгухьэныгъэ цIыкIум и кьалэн нэхъыщхьэр дуней кьэхъукъащIэхэмрэ химие щIэныгъэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр нIуэ къащIыныщ. Кьеджагъэ цIыкIуэхэм нэхъ куууэ ядж. Псом, хьэуам, щIым я зэхэлъыкIэхэр, абрэ-кIэхьэлIа. Къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкI. Гупжьейм и гъэсэнхэм зэфIах лэжьыгъэхэр кьыщагъэпльагъуэм я тхыгъэхэм, доклад кIэщIэм. Апхуэдэхэщ «Псымрэ гъащIэмрэ», «Мывэ льапIэхэм я зэхэлъыкIэр» лэжьыгъэхэр, нэгуэущIэхэр.

Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсыр хьумэныр иджырей лIэщIыгъуэм мыхьэнэшхуэ щызыIэгъэта Iуэхугъуэхэм щыгъуазэ, «Химиемрэ щIыуэпсымрэ», «Химием и зэфIэкI тельыджэхэр», «Химик ныбжьыщIэ» жьыхуэтIэкIэр. Я ныбжьрэ зыхэщIыкIэ ельытауэ зэщIэщыхуэхуэ еджакIуэ хуэд кьокIуалIэ а гупжьейхэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри программэм кьытхуэгъэув мэхъу а предметымкIэ ят хабзэ кьэрал экзаменхэм. НабдзэгубдзапIэуэ химиер зыджахэращ, дауи, а къэпщытэныгъэхэм екъуалIэныгъэкIэ пэлъэщхэр. Апхуэдэ ныбжьыщIэхэращ химиемкIэ зэрагъэгъуэта щIэныгъэхэр гъащIэм кьыщызыгъэсэбэпыфхэри.

Щхьэхуэу сытепсэльыхьыну сыхуейт химиемкIэ едгъэкIуэкI классщIэ лэжьыгъэм. Егъэджэныгъэм гузэвпIэ имыIэу щIыгъу гъэсэныгъэм и лъагэ-пIэхэм унэзыгъэсыф Iэмалхэм ящыщщ ар. Абы еджакIуэхэм предмет щхьэхуэхэмкIэ ябгъэдэлъ зэхэщIыкIым нэхъри зрегъэужь, гъащIэм хуегъасэ, хуегъэхьэзыр, предметхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр егъэбыдэ. Апхуэдэ мурадхэм хуэунэтIауэ ди еджапIэм щолажьэ гупжьей зэхуэмыдэхэр. Абыхэм ящыщщ сэ сызыиначщ еджакIуэ зэгуэхэныгъэхэу «Химиемрэ щIыуэпсымрэ», «Химием и зэфIэкI тельыджэхэр», «Химик ныбжьыщIэ» жьыхуэтIэкIэр. Я ныбжьрэ зыхэщIыкIэ ельытауэ зэщIэщыхуэхуэ еджакIуэ хуэд кьокIуалIэ а гупжьейхэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри программэм кьытхуэгъэув

● ЗэвгъэцIыху

Пщафlэ Iэзэ Бэбыгуей Фаридэ

увыпIэр кьыщихьащ икIи Цюрих щыщIэ Richmont школым щеджэну хуит зыщI сертификатыр тыгъэ кьыхуащIащ. А гъэ дыдэм и гъэмахуэм абы кIуэри и щIэныгъэм щыхигъэхуащ зы тхьэмахуэкIэ. Зэхьэзэхуэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм нобэр кьыздэсым фIыщIэ яхуещI, и зэфIэкIым зригъэужьнынымкIэ Iэмалыфl кьызэрыратамрэ Iэфыкlэхэм я гъэхьэзырыкIэм и щэху куэд кьызэрыщIыгъэр, абыхэми си зэфIэкI щызгъэлъэгъуащ. Апхуэдэу Китаймы сыщыIащ.

Владикавказ практикэ щагъэкIуам, кондитер Iуэхуэмкlэ дунейпсо Iэщlагъэлl-эксперт нэхъыщхьэ Пеленковэ Еленэ зригъэщIыхуащ Фаридэ икIи ирагъэблагъащ Москва щекIуэкIыну лъэпкъ зэхуаку чемпионатым техникумым и цIэкIэ хэтыну икIи зэхьэзэхуэм пашэ щыхъуащ. Абы япэ щыхъуащ икIи Хьэрыл Эмират Зэгуэтхэм, Абу-Даби, щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым хагъэхьэну яубзыхуащ. Зэпеуэм зыхуигъэхьэзырыну Москва ягъэкIуащ, Сучковэ Еленэ и дежкIэ. ИкIи абы и унафэм щIэт Шоколад школым щылэжьэну щригъэблагъэм, арэзы хъуащ. Абы ирихьлIэу Фаридэ техникумыр кьиухаци, и щIэныгъэм адэкIэ пищан хуейт, еджапIэм и цIэкIэ мыхъу-мэ, а зэхьэзэхуэм уи щхьэ кьыщIэхьэдэкIыну уэхт хъуртэкъыми. Москва технологиемрэ управлениемкIэ къэрал университетым, Разумовскэм и цIэр зезыхьэм, «Технология продукции и организации общественного питания» и факультетым щIэтIысхьащ. А еджапIэм и цIэкIэ Абу-Даби щекIуэкIыну чемпионатым зэрызыкъыщIэлъэгъуэнур абы и унафэщIэхэм къыщащIэм, дауи, гуапэ ящыхъуат.

- Еджапlэ нэхъыщхьэ сыщIэтIысхьажу си щIэныгъэм хэзгъэхъуэну, магистратурэм сыщеджэну си мурадт, аущ сыщеджэну еджапIэр апхуэдэу псынщIэу кьыхэсхэну сыубзыхуатэсыжьи, - жиIэ Фаридэ. - Ди гупым хэт цIыхухьэмрэ кIэ зыхуэдгъэхьэзыращ чемпионатым. Абы хьихьэу Франджым, Швейцариеи, Испаниеи я шеф-кондитерхэм я деж практикэ дыщыIащ, я мастер-классхэм дыкIэлъэлIэпIащ. КьищынэмыщIауэ, гупым хэтхэр мызэ-мытIэу дэр-дэру дыззпеуащ, зэпеуэм зыхуэдгъэхьэзырыр.

Чемпионатым зы илъэс ныкIуэ илэжу Фаридэ мурад ищIащ зэхьэзэхуэм хэмытыну. Абы пищащ Сучковэ Еленэ и Шоколад школым щылэжьэным. Москва 2016 гъэм щекIуэкIа Modern Bakery чемпионатым «Лучший кондитер – декорирование тортов» унэтIыныгъэм япэ куэд ипэкIэ дзакъэу щытакъым. Ахэр дэнэкIи щыкуэдт, псы Iуфэхэм зызыгъэпскIыну Iус сабийкэм я щыгъынхэр я тIысыпIэрэ, псори есэжауэ. Иджы ахэр зыхэпщIэу мэдзакъэ. Хэт ищIэрэ, зи дызыщымыгуаз хабзэ гуэркъым тету кьыщIэкIынщ ахэри. Абы и зы щапхъэ къэтхьынщ - щIэныгъэлI цIэрыIуэ Дарвин Чарльз Мадагаскарым кьыхураха архидее уэз гъэгъа дахэр зэпипльхьу зэщдысым, гу лъитащ, адрейхэм кьащхьэщыкIыу, абы и купсэр зэрыхьых дыдэм.

- Мыар кьызэрыха щыIпIэм щыIэу кьыщIэкIынщ апхуэдизу кууу ит Iэфыр (нектарыр) кьызыфIыкIыр хьэндырабгъуэ зыщщIипIи щрихьлIакъым, ауэ илъэс куэд дэкIа абы и зэрыжиIам хуэдэу, а щыпIэм ахэр кьыщыхунэхуащ. А зы щапхъэм кьегъэлъагъуэ, щIыуэпсым и къэхуэгъэ кьэс абы пэкIуэжьи хуей зэхъуэкIыныгъэхэри кьызэрыуянхуэр: хьэндырабгъуэ пэ кIыхь кьыщыхунэхуащ, абы и шхынгъуэр тыншу кьыришын хуэдэу, а щIыпIэм кьыщыкI архидеем и купсэр кIыхьу кьыкIыкIын хуейт, а иIа теплъэр ихьэжу, щIыуэпсым псэуущхьэхэри кьэкIыгъэхэри зэрыщхьэпщIыам и щхьхэту.

ЦIыхухэм я мэшIобзымрэ я Iуэхури аращ: А щывым дзэкъэн щыщIидзакIэ, щIыуэпсымрэ ар зи псэупIэ пэсущхьэ цIыкIуэмрэ цIыхур зыгуэркIэ зэран яхуохъу, захьумэжьин хуейуэ. Дуней псом пластикыр тез щыхъуи, щыщ кьыхэмынэу ар зыщхьэ икIи зыгъэгкIуфэ щIыв лIэужьыгъуэ къэнэхуэуэ кьаГъуэтащ. ЩIыуэпсым езым и хабзэиIэжщ, цIыкIуэрэмэ кьыдригъэкIун хуейуэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гущ1ыхьэ тщ1ыхъуащ

Сэри, Дунейпсо Адыгэ Хасэмэ, абы и кьудамэхэми хуабжьу жагъуэ тщыхъуащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щылажьэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэн Алий и щхьэгъусэ Эллэ (Адэын Майор и пхъур) гуузу дунейм зэрехьажр. Ди шыпхъу лъапIэ Эллэ и гъащIэр сабийкэр егъэджэным, гъэсэным, адыгэ лъэпкъым хуэлэжьэным хуэунэтIауэ щытащ.

Алыхьым долъэIу дунейм ехьжам гущIэгъу кьыхуищIыну, и гуэныхьхэр кьыхуигъэгъуну, жэнэт лъапIэр кьыхуигъэфэщэну.

КьыщIэна и бынунагъэм, и Iыхьлыхэм, и благъэзэм гуаэр Iэтыгъуэфlэ Тхьэм ящищI, ар ящыщзыгъэгъупщэн ямытIагъуу куэдрэ кIэлыигъэпсэу.

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Дэlэпыкъуэгъу хуохъу

Путин Владимир «Урысей – Африкэ» экономикэ форумым щыжиIащ Африкэр нэгуэущIыи и унафэ щIэмыт щыналъэ щхьэхуиту къызэтенащIыну УФ-р дэlэпыкъуэгъу зэрыхуэхъунур.

«КъэралитIым ди зэпыщIэныгъэхэр нэхъ быдэ зэрытщIыным адэкIи дытелэжьэнущ, щIыналъэ, дунейпсо Iуэхугъэ зэфIэкIыкIэм щIэгъэкъуэн дахуэхъунущ», - жиIащ къэрал Унафэщым.

Президентым къыхигъэщащ Африкэр зи псальэр пхызыгъэкIыф, кьару зиIэ щIыналъэхэм ящыщ зэрыхъур. Москва деIыгъ африкэ къэралгъуэхэр социально-экономикэ щытыкIэ зэпIэзэрытыныгъэм, зыужьныныгъэм зэрыхуэкIуэр. Иужьрей илъэсхэм зэдэлэжьэныгъэр efIэкIуэщ, сату, инвестицэ Iуэхугъэм къат хэхъуэр нэхъыбэ мэхъу. КьищынэмыщIауэ, Урысеим и мурадщ Африкэм щIыбэ тхьэмыщкIагъэм пэщIэтыныжкIэ, Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм пэрытым иджырей Iэщlагъэлlхэр гъэхьэзыныжкIэ, ерыскъы щынагъуэншагъэр кьахуэзэгъэпэщынымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIэхэр иригъэкIуэжкIыну.

Гурыщхъуэр лъабжьэншэщ

Молдавием и вице-премьер, хамэ къэрал Iуэхуэмкlэ и министр Попеску Николай наIуэ кьыщIащ къэралым щыIэ урысей дипломатхэм я бжьыгэр нэхъ мащIэ щIыным теухуауэ кьащта унафэр. Абыхэм гурыщхъуэ ящI Урысеим и посольствэм и лэжьакIуэхэм къэралым щыIэ щытыкIэр къэгъэтIэсхъэным я Iуэху халъхьэу.

«Дипломатхэм я къалэныр къэралхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм зегъэужьныныр, дэ гу зылъытэр нэгуэущIу», - кьыхигъэщащ министрым.

УФ-м и лIыкIуэу Кишинёв щыIэ Васнецов Олег жиIащ апхуэдэ унафэр къэралитIым я зэхущытыкIэм зэран зэрыхуэхъуэр. «Абы кьыкIыр дзыхь кьытхуамыщIу араущ, ар зэпыщIэныгъэ, зэныбжьэгъуэ зяку дэлъ къэралхэм я дежкIэ тэмэмкъым. Апхуэдэ гурыщхъуэр щхьэусыгъуэ кьудейщ, куэд щIауэ зыхущIэкъуэ Iуэхур - урысей дипломатхэм я нэхъыбэр къэралым ирагъэкIыжынкъым - зрагъэхъуIэным хуэунэтIауэ», - жиIащ Васнецовым.

Щ1э ягъэIущ щхьэкIэ, жьы яущижрэ?

условнэу илъэси 2 тралъхьащ.

Пщафlэ, шеф-кондитер Iэкlуэлъэкlуэ Бэбыгуей Фаридэ и Iэзэгъэм щыхигъэхъуащ икIи и зэфIэкI щигъэлъэгъуащ Москва, Новосибирск, Къэзан къалэхэм, Италием, Франджым, Швейцариеи, Испаниеи, Германиеи, нэгуэущ щIыпIэхэм.

ФАРИДЭ пасэу, иджыри курыт еджапIэм щIэсу, дихьхьащ пщафlэ Iэщlагъэм. Дзэлыкъуэкъуажэ и курыт еджапIэ №2-м и 9-нэ классыр къыуха нэужь, Пятигорск къалэм и сату-технологие техникумым 2012 гъэм щIэтIысхьащ, дзэлыхъэ технолог Iэщlагъэм хуеджэну.

Налшык и «Оазис» тыкуэным щIакхъуэ, шей дефхэкIэхэр щагъэхьэзыр и къудамэм и лэжьакIуэ, пщафlэ Iэзэ, Фаридэ и анэ дэлъху Уэршыкъуэ Руслан хъыджэбзыр а Iэщlагъэм дезыгъэхьэхар. Иджыри япэ классым щIэсу арат, Фаридэ Руслан хуэдэу пщафlэ Iэзэ хъуну зэрехьуапсэр и анэм щыжриIам. ЯпэщIыкIэ хъыджэбзыр а Iэщlагъэм пэмыльэщIыкIэ и анэр тешыныжьмэ, иужьым, 9-нэ классым кьыщIэкIыу абы уеджану мурад щищIым, арэзы техъуащ.

ЕтIуанэ курсым щыщIэсыми, Фаридэ зэпеуэхэм япэ увыпIэкэр кьыщIэхьэкъ студент жьыкъуэгъэлъэгъуат. Кондитер цIэрыIуэ Сучковэ Еленэ я техникумым къригъэблагъэри, шоколад кIэнфетхэр зэрагъэхьэзырым теухуа мастер-классхэр махуитхуитIэ итащ. Италием щекIуэкIыну зэпеуэм я студентитI ягъэкIуэну Сучковэм къащыхуигъэлъэгъуэм, техникумым и студентхэм щыщу абы хэтынуэр къыщыхахьым, Фаридэ хэхуащ япэ ирагъэщхьэм. Зэхьэзэхуэм мазитIкIэ зыхуагъэхьэзыращ. Къэрали 10-м (Япониеи, Франджы, Италиеи, Филиппины, Урысей, Финляндиеи, Мексикэ, н.) щIигъу зыхэта зэпеуэм япэ увыпIитхур къыщыдзыхьахэм яхэхуат Фаридэ.

- Зэпеуэр гугъуми, сэркIэ щIэщыгъуэт. Абы зэхьэзэхуэ куэд кьыкIэлъыкIуащ. 2015 гъэм Владикавказ щекIуэкIа зэпеуэм япэ увыпIэр кьыщыщIэхьэм, Iуэхум нэхъри сытригъэгушхуащ, - жеIэ Фаридэ. - Иужьым, Къэзан, Новосибирск къыщыдзэрагъэпэща зэхьэзэхуэхэм сагъакIуэри, абыхэми си зэфIэкI щызгъэлъэгъуащ. Апхуэдэу Китаймы сыщыIащ.

Владикавказ практикэ щагъэкIуам, кондитер Iуэхуэмкlэ дунейпсо Iэщlагъэлl-эксперт нэхъыщхьэ Пеленковэ Еленэ зригъэщIыхуащ Фаридэ икIи ирагъэблагъащ Москва щекIуэкIыну лъэпкъ зэхуаку чемпионатым техникумым и цIэкIэ хэтыну икIи зэхьэзэхуэм пашэ щыхъуащ. Абы япэ щыхъуащ икIи Хьэрыл Эмират Зэгуэтхэм, Абу-Даби, щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым хагъэхьэну яубзыхуащ. Зэпеуэм зыхуигъэхьэзырыну Москва ягъэкIуащ, Сучковэ Еленэ и дежкIэ. ИкIи абы и унафэм щIэт Шоколад школым щылэжьэну щригъэблагъэм, арэзы хъуащ. Абы ирихьлIэу Фаридэ техникумыр кьиухаци, и щIэныгъэм адэкIэ пищан хуейт, еджапIэм и цIэкIэ мыхъу-мэ, а зэхьэзэхуэм уи щхьэ кьыщIэкIынщ хуейт, еджапIэм и цIэкIэ мыхъу-мэ, а зэхьэзэхуэм уи щхьэ кьыщIэкIынщ хуейт.

- Джапlэ нэхъыщхьэ сыщIэтIысхьажу си щIэныгъэм хэзгъэхъуэну, магистратурэм сыщеджэну си мурадт, аущ сыщеджэну еджапIэр апхуэдэу псынщIэу кьыхэсхэну сыубзыхуатэсыжьи, - жеIэ Фаридэ. - Ди гупым хэт цIыхухьэмрэ кIэ зыхуэдгъэхьэзыращ чемпионатым. Абы хьихьэу Франджым, Швейцариеи, Испаниеи я шеф-кондитерхэм я деж практикэ дыщыIащ, я мастер-классхэм дыкIэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Жыжьэ - гъунэгъу

Берлини лъэІэсат

Илъэс къэс нэхъ тпэжыжьэ мэхъу Хэку зауэшхуэр. Арщхьэкіэ абы ди къэралым и тхьідэм апхуэдизу хэмыгъуэщэжьын увыпІэшхуэ щиубыдащ, зэпымыууэ къыдбгъэделъхьэ щІэ гуэрхэр. Шэч хэлъкъым куэдым иджыри дызэрыщымыгъуаазэм.

ПСАЛЪЭМ папщІэ, Берлин бомббэхэмкІэ еуэным техуауэ 1941 гъэм и щыщхьэуІум Сталиным ищІа унафэр. Ар хэІущІыІу зэрыхъуэрэ куэд щІакъым. Ещанэ рейхым и щыхьэрым щыпсэуэхэм мазэ псокІэ я псэхэр дзапэкІэ ялыгъащ.

1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-мрэ 22-мрэ я жэщым нэмыцэ авиацэр зэпуг бомббэхэмкІэ къеуагъ Москвазр абы и Іэшэлъашхэмрэ. Фронтхэм щытыкІэр щыгугъу дыдэ зэманым ар къатехьэлъащ совет цІыхуэм. Бийм етын хуейт хуэфэщэн жэуап. СССР-м и Дзэ-Тенджьэз флотым и авиацэм и унафэщІ Жаворонков Семён къыхилъхьащ Берлин бомббэхэмкІэ еуэну. Сталиныр арэзы техьауад ВМФ-м и цІыхубз комиссар Кузнецов Николай диБыГа а мурадым. 2018 гъэм и гъэмахуэрщ вождым а зэманым къыдигъэкІа унафэр нахуэ къыщащІар: «Ныбжьыгъу Водопьяновым деж. 81-нэ авиадивизием и пщэ изолъхьэ шыщхьэуІум и 8-мрэ и 9-мрэ я жэщым е дуней щытыкІэм къыщезэгъ къыкІэлъыкІуэ махуэхэм Берлин еуэну. Бомббэхэм я мызакъуэу мафІэсхэр къэзыгъэхъу лагъымкъэм фІэкІыпІэ имыІэу ирадзыхьын хуейщ»...

Ауэ унафэ пщІыныр куэдкІэ нэхъ тыншщ, ар бгъэзэщІыным нэхърэ. Берлин жьыжьэт, нэмыцэ ПВО-хэм уапхрыкІыу абы уекІуэлІэфыныр уи нэгу къыщІэбгъэхьэну гугъут. Ар техникэ и лъэныкъуэкІи яхуэзэфІэкІынутэкъым. Ауэ унафэр тхьылъымпІэм къинэ хъунутэкъым.

ХэкІыпІэ зимыІэ щыІэкъым

Ар къагъуэтащ. ЦІыхубэ комиссар Кузнецов къыхилъхьащ Моозунд архипелагым и дзэ аэродромхэм ящыщ зыр къагъэсэбэпыну: нэгъуэщІкІэ Берлин улъэІэсыфынутэкъым. Псом хуэмыдзу къезэгъыт Балтие тенджызым хэт Сааремаа ныІтыгум и аэродромыр. Ауэ абы бомбзэхьэ къухьлъатэ хьэлъэхэр тельэтыкІыфынутэкъым. ПІалъэ бгъыбІэ дыдэм псори ягъэтэмэщ.

Арщхьэкіэ узрикъуну гъэсэныпхъэхэр уиІэу абы утельэтыкІкІэ Іуэхур зэфІэкІыртэкъым. Фашистыгъуэм унэсыхукІэ лъэпощхьэпо куэд дыдэ къэзэбнэжІын хуейт. ИпэІуэкІэ Германием и ВВС-хэм я Іэтащхьэ Геринг Герман тхьэ иІуат зэи зы бомби Берлин дэмыкъуну. Жращ ещІащ зэрахуэзфІэкІкІэ нэхъ лъагэу дэкІуейуэ лъэтэну. Ар зэхыхъэзащ гурыІуэгъуэт: километри 7-кІэ дэкІуейми, нэмыцэхэм я ПВО-хэри зэрызэауэ къхъухьлъатэхэри къалъэІэсыфынутэкъым: ахэр километри 4 - 5-м къыфІэкІыфыртэкъым. Бомбэхэр дадзэу къагъэзэжьын хуейт, арщхьэкІэ абы ди кхъухьлъатэзехуэхэр егупсысыртэкъым: нэхъыщхьэр Сталиным и унафэр яГъэзэщІэныр...

Мыри зыщыбгъэгъупщэ хъунутэкъым: метр мини 7-кІэ удэкІуеймэ, щыІэр градус 35 - 40-м нэсырт. Кхъухьлъатэ кІуэцІми щыІэнэхъ хуабэтэкъым. КІэщІу жыпІэмэ, апхуэдэ лъэбакъуэм утегушхуэн папщІэ жыру ущытын хуейт.

Апхуэдизу и лъагагъыу уэгум итми, фронтым зэрызэпрыкІыу нэмыцэхэм гу къыпІэташ. Арщхьэкіэ къеуакъым: бийм и фІэщ хъуртэкъым советхэр мыпхуэдэ Іуэхум тегушхуэну - псоми я гугъэт езыхэм яйхэм я Іуэху зэфІагъэкІыу къагъэзэжауэ.

ДБ-ЗФ кхъухьлъатэ хьэлъэхэр 15 хьурт, гупищу гуэшауэ. Ягъэува зэманым аэр Берлин нэсащ. Кьалэр жей Іэфым хэтт, уэрамхэм дэтыр иужьрей трамвайхэм я закъуэт. Нацист Германием и щыхьэрым щытыкІэм напІэзэпІэм зыщыхъэжащ: абы тещІащащ килограмм 250-рэ зи хьэлъагъ бомбэхэр, щІыпІэ куэдыр мафІэсхэм зэщІащащ. Кьалэр плъыжьыгъэм ириІат. Кхъухьлъатэхэм ящыщ зым и радист Кротенкэ Василий Москва кхъухьиІуэхуащ пщэрылъ щащІа кьалэнхэр зэрагъэзэщІар.

ЦІыху гужьеяхэр я унэхэм щыщІэжьырт. Нэмыцэ ПВО-хэм зыкъомкІэ зэмыдзакІащ. ИужькІэ аэр мыувыІэу уафэм дзэуейуэ хуежьащ, арщхьэкІэ къикІа щыІэтэкъым: уэгум совет кхъухьлъатэхэр къыщызыпхыхъэ прожекторхэр километри 7-м нэскІэ «дэпІъеифырэтэкъым», шэхэри нэсыртэкъым.

Зыри яхэмыщІу кхъухьлъатэ псоми кьаГъэзэжащ зытелъэтыкІа аэродромым.

Нэху ща иужь нэмыцэ властхэм ялъэгугъащ къэхуэу узижагъуэныр. Абы щыгъуэми къагурыІуат совет кхъухьлъатэхэр дяпэкІэ кхъязэрыкІуэнур. ЦІыху гужьеяхэр зэтрауІэфІэн папщІэ зыгуэрхэр къагупсысын хуейт. УкІытэншэу пцІы яупсину мурад ящІащ - совет кхъухьлъатэхэр Берлин зэрытеуар ябзыщІащ. Фашист пропагандэм и зэфІэкІ псори ириухэлІащ хэщІыныгъэхэр машІэу къыщІагъэхъуныж. СМИ-хэм жаІащ ищхьэ ящІащ: ЗЗУМ-хэм бомбзэхьэу 50 кьебгъэрыкІуауэ икІи абыхэм ящыщу 6-р «къаруушхуэ зыбгъэдэлъ нэмыцэ ПВО-хэм къраудыхауэ». Арщхьэкіэ нэмыцэ пропагандэм и «адэ» Геббельс мыбдеж и Іуэху къыщиклъэжьащ. Абы пцІы зэриупсыр сэтей къыщІащ Лондон и радиом: «Хьэлэмэтщ икІи тельыдджэщ Берлин зыщыхъэжащ: абы тещІащащ Лондон и радиом: «Хьэлэмэтщ икІи тельыдджэщ Берлин зыщыхъэжащ: абы тещІащащ. Ауэ ар зыхуэзащ: километри 7-кІэ дэкІуейми, нэмыцэхэм я ПВО-хэри зэрызэауэ кхъухьлъатэхэри къалъэІэсыфынутэкъым: ахэр километри 4 - 5-м къыфІэкІыфыртэкъым. Бомбэхэр дадзэу къагъэзэжьын хуейт, арщхьэкІэ абы ди кхъухьлъатэзехуэхэр егупсысыртэкъым: нэхъыщхьэр Сталиным и унафэр яГъэзэщІэныр...

Иджы КъухьэпІэмкІэ йокІуэкІ

● Къэрал зэхущытыкІэхэр

Нэхъ тэмэму жыпІэмэ, екІуэкІакІэщ - Финляндиер Атлантикэ Ищхъэрэ блокым хагъэхьащ. Жыжьэ дыІэбэнкъыным, ИпэкІэ зыбжанэ ипэкІэ ар зыми игу къэкІыххэу щытакъым. Сыту пІэрэ ди гъунэгъуфІу къэгъуэгурыкІуэ Финляндием апхуэдэ лъэбакъуэ ичыныр къызыхэкІар?

СУОМИ - апхуэдэущ езы финхэр я къэралым зэрэдежэр - нэхъ зэпэщ дыдэ щыІналъэхэм ящыщщ. ЖыпІэну ирикъунущ ООН-м ирегъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм япкъ иткІэ ахэр дунейм щынэхъ насыпыфІэ дыдэу къызэрабжар (пэжу, езыхэм апхуэдэу зыкъалъытэжырэкъым). 1945 гъэм совет егъэджэкІэм техьа Финляндием мы Іэнатіэм дунейм япэ увыпІэр щиубыдащ икІи ар шэч къызытумыхьэнщ. А псоми я фІыгъэ хэлъщ ар зыми гуэмыхьэным техуауа политикэм быдзу зэрытетам икІи, дауи, СССР-м, иужькІэ Урысейм купщІафІэу къызэрыдэпэжьам. Ауэ дызыщыгъуаазэ щхьэусыгъуэхэм кхъухкІыу «КъухьэпІэ зэкъуэтыр» ди къэралым къыщытегупІа зэманым къыдрагъэжеижауэ къыщІэкІынущ къытхуаІа гужьгъэжь гъэтІылъхьэр.

Ахэр къыщежьащ 1940 гъэм. А илъэсым и гъатхэм ЩЫмахуэ зауэм кІэ езыта зэгурыІуэныгъэм Іэ щытридзэм Финляндием и президент Каллио Кюсети жиІауэ ягъэтэж: «Мы тхьилъмпІэм Іэ щІэзыдз си Іэр фІрегъукІ». КхъухуищІащ: мыгувэу инсулат хъури, и Іэр къыдэмыбзу къэнащ, кьипсэужа щымыІэуи ліащ. ЕтІуанэ дунейпсо зауэм Ещанэ рейхым и лъэныкъуэу хэта Финляндиер 1944 гъэм и фокІадзэм СССР-м къежІужьным техуауа зэгурыІуэныгъэм Совет Союзым къыщигъэувхэм къеджа иужь, ахэр апхуэдизу и жагъуэ хъуати, премьер Хатчелль Антти гуэрми инсулят къеуэлІащ. Арщхьэкіэ хэкІыпІэншэт. ХьэуэІ, щыналъэ и лъэныкъуэкІэ Суомим фІэкІуэдыр машІэ дыдэт, арщхьэкІэ къэзыгъэпдау къалъытэхэри яхэтт: Финляндиер хэщІапІэ зыщІа совет цІыху щІэпхъуэжахэр къратыжыну, дыгуасэ лІыхъужьу ягъэвууэ щытахэм зауэ зэрызэхауБламкІэ ягъэкъуэншэу суд тращІыхьыну, совет тенджызэ базэ щахуэн папщІэ Хельсинки километр 30-кІэ фІэкІа памыжьжьэу бэджэнду щы къыщыхупачыну. Зыгъэурэ зэхуагъэхуащ. Нэхъыбэу къуаншэу къыщІрагъэдза экс-президент Рюти Ристо илъэси 10 тралъхьащ, ауэ хуагъэгъуи, 1949 гъэм хуит къащІыжащ.

Ди къэралым и дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэр Зэныбжьэгъуным, зэдзэкъэшыным икІи зэдзэІэпыкъуным техуауэ СССР-мрэ Финляндиемрэ 1948 гъэм мэпымжьыхьым и 6-м Іэ зытредза зэгурыІуэныгъэрт. Абы Соумим къалэн щищІырт, Совет Союзым зауэ къращІыпІэ хъужьыкъуэмэ, Хельсинки Москва сыт и лъэныкъуэкІи къыдэІэпыкъуну. Финнэри хильафэртэкъым: ахэр къагъэгугъат социализм яухуэным ирамыхуІэну, езыхэм я хьэпшыпхэр ди деж щащэну, зыхуеинухэр гъунапкъэншэу къыщащэхуну.

Мис апхуэдизу къежьащ «Паасикивирэ Кекконенрэ я гугъуКІэ» зэдзэр. Иджы ЩЫмахуэ зэпызыщІэр гъунапкъэм и закъуэтэкъым.

Маннергейм зэрихъэкІри, 1946 гъэм и гъатхэпэм Паасикиви Юхо президент хъуащ икІи кхъухьлІэ политикэм ящыщу ящыщ Ленин орденыр зратар аращ.

Кекконен Урхо ижьрабгъу политикиу къежьащ, Граждан зауэм и лъэхъэнэм фІи большевикхэр зэтезыІуакъэм яхэтащ. Арщхьэкіэ 1946 гъэм юстицэмкІэ министру я3ауэа иужь и гупэр СССР-м и деж ящІэжьащ. Ар Сталин Иосиф игу ирихьащ, уеблэмэ, иригъэблагъэри, курыхъ шагъыркІэ игъэхьэщащ. Пэжу, абы нэхъ кьищтэр фадэ нэхъ гуащІэхэрт. Ар Урхо 1954 гъэм къигъэлъэгъуащ Финляндием и премьер-министр хуэда иужь икІи аркъэмрэ хьэмэмымрэ къигъэсэбэпурэ, совет унафэщІ Хрущев Никитэ ныбжьэгъу къыщІащ.

НАТО-м кхыбгъэдкІ шыналъэм къыхэкІыу илъэсыкІэ километр зэбгъуэзнатІэу щэм щІигъу зыІыгъ Пентхаузэ Гуф базэр илъэсыкІэ яухуат. Ар и хэщІапІэт совет тенджызэ лъэсырыкІуэ дивизием. Хрущевым кьилъытащ зэхуэгъэзкІуэтэ щыІэн хуейуэ: «Сэ сегупсысащ ди базэ базэ финнхэм я щІыналъэм итын хуэмейуэ. Абы къокІ сэ цІыкІу я пщэхэм щІдзгъэуваз. Дауэ ди базэ Финляндием щыІэу езыхэм я къарухэр хамэ щІыналъэхэм ирашыжыну американхэр къызэрыхуэдджнур? Абы, къэтщтащи, США-м и базэхэм Тыркум щагъэзащІэ кьалэным хуэдэ дыдэ и пщэ дэлъщ». А щапхъэр къезэгъыртэкъым: Америкэр Тыркум километр мин Іэджэкіэ пэжьыжьэт, Финляндиер Ленинград кьеГъэщІылІат. ИтІани Порккала-Удд зэхуащІыжащ 1956 гъэм щІышылэм и 25-м. Абы и жэуапу финнхэм ильэс 20 къыпащІащ ипэкІэ зи гугъу щытщІа зэгурыІуэныгъэм. Арщхьэкіэ къэралитІым я зэхущытыкІэхэм зэуэ зыкъызэрадзэкІащ фин социал-демократхэм я пашэ Фагерхолм Карл-Август 1956 гъэм и гъатхэпэм Суомим и премьер-министр къулыкъур зэрыІэрыхьэу, США-м гъунэгъу хуэхъуным техуауа политикэр иригъэжьа икІи НАТО-м хьэхьэным техуауа Іуэхур къиІэта иужь. Ар псынщІэу къыжьэдакъуащ. Москва ягуригъэІуащ НАТО-м и дзэхэр Финляндиемкіэ къыкІуэцІрыкІыу щытмэ, къарур кьиззэригъэсэбэпынур. Абы къыдэкІуэу Суомим фІэкІуэдырт СССР-м щиІэ псори.

Зэуэ министри 6 я къулыкъум трагъэкІри, щытыкІэр зэфІахащ.

Нэхъыщхьэраци, 1956 гъэм и гъатхэпэм Финляндием и президент хъуащ фІыуэ ягъэгъуа Кекконен. Абырэ Хрущевымрэ хьэмэмым щызэдефакІэт. Ар нэмысынышагъэу кьИльытэри, Молотов Вячеслав КПСС-м и ЦК-м 1957 гъэм и жэпуэгъэуэм иригъэкІуэкІа Пленум-мым совет унафэщІым къыщытехъуцІыхьат. «Хрущевыр жэщыр сыхьэтищым Финляндием и президентым и дежь хьэмэмым кІуэри, абы щІэсащ пщэдджыжьым сыхьэти 6-м нэсыхукІэ». Арщхьэкіэ абы щыгъуэм езы Молотовми зи пашэ гупми я зэманыр иухакІэт, нэхъыбэм Хрущевыр даІыгъ.

КІэщІу жыпІэмэ, Хрущевымрэ Кекконенрэ зэкъым зэгъусэу хьэмэмым зэрыкІуар.

Іуэхум хэзыщІыкІым и дежкІэ мыбы гъэщІэгъуэн гуэри хэлъ хуэдэкъым. Хьэмэмым увыпІэшхуэ щеубыд финнхэм я гъащІэм. Мыбы, хэбгъэзыхьмэ, правительствэм и зэІущІэхэри щыщІрагъэжьэкІ къэхуу, адэт псоми я гугъу тщІынкъым.

ЦІыхуэдэфхэм деж Хрущевыр хущІэкъурт Финляндиер социализм зыужьынигъэ гъэгъум тригъэхъэну, арщхьэкІэ Кекконен хутечыртэкъым. Апхуэдэхэм дежи зэрыгъэгубжьыртэкъым, уеблэмэ, нэхъри зэхуэгуапэт. СССР-м и фІыгъэхэм зэрыхэсым къыхэкІыу Суомир яхьыхьат къэрал къулей дыдэхэм.

Хрущев зэрыстрахуар и ныбжьэгъуфІым, дауи, и жагъуэ хъуат, ауэ абы текхуауэ екІи фІыкІи зы псалъэ къыжьэдэкІакъым. Мыгувэри Брежнев Леонид апхуэдэ дыдэуи и ефэгъуфІ хъуащ, ауэ афІэкІа Іэхум хьэмэм хэтыжакъым. Кекконен нэхъ и гъунэгъуу щытар совет премьер Косыгин Алексейр. Финнхэм сыт щыгъуи ягу кьеуэу къекІуэкІащ ЩЫмахуэ зауэм Выборг зэращыІэщІакІар. Абыи Іэмал кхыхуагъэуатащ, а щІыпІэм тІуми эздай Светогорск целлюлозэ-тхылъымпІэ комбинат абрагъуэ щахуэхуи. Хэбгъэзыхьмэ, абы хэлъщІыхь хьэмэмым щызэдефащІ Косыгинымрэ Кекконенрэ.

КъэралитІым я зэхущытыкІэхэр апхуэдэу хуабэу щытыжакъым СССР-р лъэпъэжа иужь. Ауэ ахэр зэтрагъэгъарт, нэхъ чэнэ хъуами, Іэнатіэ къудым зэрыщыщІэдзажьэм. Пэжу, гу лъыптэрт Финляндием ЩЫмахуэ зауэм къриклуэхэм хэпльэжьыу, ахэр зэрахъэжІыну къзэыгъэувхэм я бжьгъэм зэрыщыкъэхъуну.

Кекконен Урхо и ужькІэ президент къуплькъур 1982 гъэм зыІэрыхьа Койвисто Маунэ жиІэгъащ: «Зауэ гущІэгъуншэхэм Финляндием и цІыхубэр ирагъэсащ лъэпкъ цІыкІум езым и гъунэгъушхуэм и сэбэп зыхэлъэкІ къыпльэтэн икІи зы адрыщІ къыкІ дэІэпыкъуныгъэм, абы и нэфІ зыщигъэхуэным щыгугъыным къыпыкІын зэрыхуейм».

Псалъэ пэжкъэщ, ауэ тхыдэм и къэгъэщынІэкъэм щащыгъупщэж щыІэщ. Ар хыбобгъуэгу Суомим мы зэманым щекІуэкІхэм.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхъэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Абы дегъэпІейтей

Езыгъэхь щыщыІэкІэ, къеІызыхри щыІэт...

Банкым и картэхэмкІэ цІыхухэм едыгъуэхэм я бжьгъэм хэхъуэ зэпытщ. Апхуэдэ финанс хьэгъэщІагъэр къыззэпудыным ехьэлІа хабзэр къащтэным поплъэ. Илъэс кІуам и зэкъуэ къэтщтэнщи, бзаджащІэхэм Урысейм щыпсэуэхэм я банк картэхэм гъэпщІагъэкІэ ирахащ сом мелард 14-м щигъу.

ДЭФТЭРХЭМ къызэрыщигъэлъэгъуамкІэ, ахъшэр щызэІэпах банкхэм е нэгъуэщІ операторхэм пщэрылъ зыщащІыж, ахъшэ хъуманІэхэм я Іэхутхъэбзэхэр къззыгъэсэбэпыр щымыгъуазэу е абы и арэзынигъэ хэмылъу ирагъэкІуэкІа зэІэпыхьныгъэхэм гъэпщІагъэ къызэрыхэкІамкІэ хъыбар къаригъащІа нэужь, зы мазэ, е ар ахъшэ егъэзхьыным ехьэлІамэ, мазитІ пІалъэм къриубыдэу фІащхар зэрыщыту иратыжыну.

Банкым ар имыпышыжыну хуитщ, абы и Іэхутхьэбзэхэр къззыгъэсэбэпар электрон хуэІухуэщІэхэм яхьэлІа хабзэхэм ебэкъуауэ сэтей къащІыхьэри. Къапщтэмэ, апхуэдэ гъэпщІагъэхэр къыщежьар нобэкъым икІи дыгъуасэкъым - илъэс куэд щІа. Ахъшэр езыгъэхъэ ахъшэр езыгъэхьым и банкым и закъуэщ, адрей лъэныкъуэм хуэІуэху лъэпкъ щымыІэу. Араш апхуэдизу цІыхуэм лей къащІытехьари. Къапщтэмэ, апхуэдэ гъэпщІагъэхэр къыщежьар нобэкъым икІи дыгъуасэкъым - илъэс куэд щІа. Ахъшэр езыгъэхъэ щыщыІэкІэ, ар Іызыхри щыІэт... Мыгурыуэгъуэр ялъэ махуэхэм щыщІэдзауэ щынагъуэншагъэ мардзэкъэ лъэныкъуитКІэ зэрымылажьарщ, цІыхухэр сом мелард бжьгъэкІэ къагъэпцІэху. Дауэ хъуми, Іуэхур къызэрагъэтар куэд и уасэщ.

ГъэпщІакІуэхэр къагъуэтынымкІэ сыт и лъэныкъуэкІи дяпэкІэ къагъэсэбэпынущ Банк нэхъыщхьэм екІуэлІэ хъыбар псори.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Республикэм и хабзэхъумэхэр ятокІуэ

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыІэм и лІыкІуэхэр щытекІуащ УФ-м и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я Кавказ Ищхъэрэ щыналъэ округым Іэпщэрыбанэ зэхэтымкІэ щыІа чемпионатым. Ар щекІуэкІащ Кисловодск къалэм.

ЗЭПЕУЭМ хэтащ Лъэпкъ гвардием и хьдамэ зэмылІэужьыгъуэхэм я спортсмен лъэщхэу 50-м щигъу.

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыІэм и гупым командзэ зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ. Килограмм 80 хьэлъагъым нэсхэм я деж щытекІуащ «Эльбрус» СОБР-м и лэжьакІуэр, килограмм 85-рэ хьэлъагъым нэсхэм я деж бжьыпэр щиубыдащ сержант нэхъыщІэ Гъукіэ Альберт, жэз медалыр кьылъысащ «Вершина» ОМОН-м и лэжьакІуэм.

- Зэхьэзэхуэм хэтахэм зэфІэкІ хъарзынэ къагъэлъэгъуащ, спортсменхэм сыт щыгъуи ящІэу зыхуэпабгъэн, арауи, адэкІэ зыхуэдгъэхьэзырынущ кьытпэплъэ чемпионатым, - жиІащ Урысейм и Лъэпкъ гвардием и щыналъэ Іэнатіэм Іэпкъльпкъэкіэ псыхьыныпхэр спортымкІэ и унафэщІ, капитан Нэгъуэй Аскэр.

БАХЪСЭН Аэзмэт.

● Футбол

ДжэгугъуипщІым топ 63-рэ гъуэм дагъакІ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІащ. Псом ялэу къыхэзыщыпхъэр иужь джэгугъуипщІым топ 63-рэ гъуэм зэрыдагъэкІарц. КъэщІэжьыгъуейщ апхуэдэ къыщыхъуауэ щытар. Абы и лъэныкъуэкІэ ялэ ит командыІырщ къыхэжаныкІэ - Псынэдахэ и «Родник»-мрэ Алътуд и «Искра»-мрэщ. Мыхэр текІуэ къудей мыхъуу, я хьэрхуэрэгъуэ бжьыгъэшхуэкІэ ягъэгузавэ. Апхуэдэу джэгуащ «Малкъ» командэри.

ТОП НЭХЪЫБЭ хьэрхуэрэгъуэм я гъуэм дзэыгъэкІаХэ Тамаев Аланрэ («Шэрджэс») Урыс Асльэнрэщ («Искра»). ТІури 14-рэ къыхэжаныкІащ. ЕтІуанэ увыпІэр эдагуэш Бэчбо Муратрэ («Родник») Урысбий Ратмирэ («Шагъдий») - дэтхэнэми топ 13 дигъэкІащ. Ещанэм, пщырыпщІ дагъэкІауэ, футболистиц щытщ. Ахэр Тэнащ Инал («Урыху»), Апажэ Чэрим («Акъбащ»), Хьэшыр Алан («Искра») сымэщ.

КомандзкІэ ящыщІэмэ, нэхъыбэрэ къыжаныкІар алътуддэсхэрщ (топ 51-рэ). Абы кІэлъокІуэ «Родник»-р, ещанэр Зеикъуэ и «Шагъдийрщ». Зи гъуащхьэ нэхъ быдзу зыхъумэжэр Псыгуэнсымрэ Тэрчымрэщ. Мы командитІым топ бгъурыбгъуз худагъэкІар. Нобэкіэ хамыгъэщІауэ къэнэжар «Родник»-м и закъуэщ. Нэхъ зи Іуэху хэпльэгъуэр джэгуГъуэ 14-м тІэкІурэ фІэкІа текІуэныгъэ хъэзымыкъауэ иужь дыдэ, 15-нэ увыпІэм, щыт Старр Шэрэдж къыжаныкІар алътуддэсхуейщ». КуэдкІэ нэхъ щІагъэкъым Бахъсэн и «Имранми», «Псыгуэнсуми», «Акъбащми» я Іуэхур. Ауэ, хэт ищІэрэ чемпионатым и зэхуэдитІыр иджыри къаззырпэщылъыр къэплъытэмэ, абыхэм я щытыкІэр ефІэкІуэжьынкІи хъунущ. ИтІанэ, гу лъытапхъэщ ирагъэкІуэкІа зэІущІэхэм я бжьгъэр зэрызэхуэмыдэм.

ЩыІэрэзэ фхьэучІышынщ иужь зэІущІэхэм кърикІуа бжьгъэхэм: *бадзэуэгъуэм и 19-м:* **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **4:3**, **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«Исльэмей»** (Исльэмей) - **3:6**, **«Акъбащ»** (Акъбащ) - **«Урыху»** (Урыху) - **2:6**; *бадзэуэгъуэм и 22 - 23-хэм:* **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Искра»** (Алтуд) - **0:4**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **5:2**, **«Малкъ»** (Малкъ) - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **7:1**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Имран»** (Бахъсэн) - **4:4**, **«Родник»** - **«Дохъушыкъуей»** - **7:0**, **«Урыху»** - **«ЛогоВАЗ»** - **1:1**, **«Исльэмей»** (Исльэмей) - **«Тэрч»** - **0:3**.

Дыызыхуэкіуэ зыгъэпсэкуГуэ махуэхэм зэІущІэнэхэщ: «Псыгуэнсу» - «Дохъушыкъуей», «Спартак-Д» - «Кэнжэ», «Шагъдий» - «Имран», «Урыху» -«Искра», «Родник» - «Шэрджэс», «Малкъ» - «Тэрч», «Исльэмей» - «Акъбащ».

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІар

Командзхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Родник»	12	11	1	0	48-9	34
2. «Искра»	13	11	1	1	51-15	34
3. «Тэрч»	12	9	2	1	28-9	29
4. «Малкъ»	12	7	3	2	25-15	24
5. «Спартак-Д»	14	6	3	5	37-25	21
6. «Кэнжэ»	14	6	2	6	27-33	20
7. «Шагъдий»	14	5	3	6	43-35	18
8. «Исльэмей»	12	4	3	5	25-32	15
9. «Урыху»	12	3	5	4	24-34	14
10. «Шэрджэс»	13	4	1	8	32-47	13
11. «ЛогоВАЗ»	13	3	4	6	17-27	13
12. «Акъбащ»	12	2	4	6	23-37	10
13. «Псыгуэнсу»	14	2	4	8	22-40	10
14. «Имран»	13	2	4	7	22-42	9
15. «Дохъушыкъуей»	14	2	1	11	18-42	7

АдыгэлІым и картэ телъыджэр

● Тхыдэ

Сталиным и лъэхъэнэм псышхуэхэр зэпащІэу щытащ къхъуэ щызекІуэфыну кІэнауэшхуэхэмкІэ. Азие Курытым ухуэн щыщІадзат Тыркуэм кІэнауэ нэхъыщхьэр. Ауэ Каспий тенджызым къыхьыхь апхуэдэ ухуэныгъэр япэу зигу къэкІар пащтыхь Пётр Езанэрщ.

1713 гъэм тыгъэшхуэхэр къыхуишэри, императорым и деж къэкІуащ тыркумэн къулей Непес Ходжа. ХьэщІэм Пётр къигъэгуГащ Хивэ щІынальэм зэпищІэныкъмкІэ дэІэпыкъуу щытмэ, абы урыс хьэпшыпхэр КъуэкІыпІэмкІэ жьыжь - Индием нэсыху - ишэну.

Пащтыхьым хуабжьу игу ирихьащ Каспий щежьэжу Хивэ, Бухара, Индием кІуэ кІэнауэ тІыным и Іуэхур. А заманым къалъытэрт а щІынальэхэм Персиемкіэ фІэкІа умыкІуэфыну. Ауэ Непес жиІэрт Амударьи утету кхъухькІэ удэкІуеймэ, Индием нэхъ тыншу унэсыну.

Пётр Езанэм и унафэкІэ 1714 гъэм къзэкъ 1500-рэ зыхэт дзэ гъэуэгу техьащ къэбэрдеипщ Бекович-Черкасский Александр пашэу. Иужьрейм Европэм щІэнагъэфІ щыригъэгъэтат, абы кІуэн и пэкІи чыристан диным ихьат. Гупышхуэм я гъусэт геодезистхэр, картографхэр, бгыхэм зэрелэжьыну щІыкІэм хэзыщІыкІ ІэщіагъэлІхэр. Илъэси 3-м нэскІэ къэхуакІуэхэм щІащыкІащ иджыпей Тыркумэнымрэ Узбекистанымрэ я ищхъэрэ лъэныкъэр, Каспий и Іуфэм быдэ пІитІ ІуащІыхьащ. Абыхэм къащІащ Амударьи, Каспийр мыхъуу, Аралт тенджызым зэрыхэлъэдэжыр - нэхъапэм абы щыгуаузу щытакъым. Мис абы щыгъуэщ тенджызитІыр кІэнауэкІэ зэпащІэну Пётр Езанэм игу къыщыкІар: «Санкт-Петербург и деж къыщыщІадзауэ бухъар эмирым и деж нэсыху хьэпшыпхэр яшэн папщІэ».

Каспий и Іуфэхэм екъэлІауэ къаухуа после щыхьэрым ирагъэхьри, гупым Хивэ и хэзыщІыкІ ІэщіагъэлІхэр. Илъэси 3-м нэскІэ къэхуакІуэхэм щІащыкІащ иджыпей Тыркумэнымрэ Узбекистанымрэ я ищхъэрэ лъэныкъэр, Каспий и Іуфэм быдэ пІитІ ІуащІыхьащ. Абыхэм къащІащ Амударьи, Каспийр мыхъуу, Аралт тенджызым зэрыхэлъэдэжыр - нэхъапэм абы щыгуаузу щытакъым. Мис абы щыгъуэщ тенджызитІыр кІэнауэкІэ зэпащІэну Пётр Езанэм игу къыщыкІар: «Санкт-Петербург и деж къыщыщІадзауэ бухъар эмирым и деж нэсыху хьэпшыпхэр яшэн папщІэ».

Каспий и Іуфэхэм екъэлІауэ къаухуа после щыхьэрым ирагъэхьри, гупым Хивэ и лъэныкъуэмкІэ ящыщІащ. Арщхьэкіэ къэзакъэхэм ящыщу къэзыгъэзэжар мащІэ дыдэщ - езы къэбэрдеипщІри яхэту ахэр Хивэ и хъаным бзаджэгъэкІэ къмуКІащ; гуапэ дыдэу ириГъэблагъэри, псори иригъэблэгъэрщ. Ильэс дэкІа иужь къэхуар Санкт-Петербург щыжьэжащ тельыджэу къелу къалащхьэм нэсыжьфа къэзакъ Ахметов Иван.

1717 гъэм Париж щыІэу Пётр Езанэм франджы еджагъэшхуэхэр щыгъуазэ ищІащ Каспий тенджызым и къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ щыналъэр зыхуэдэм. Ар апхуэдизкІэ я деж щІэти, академикэм тельыджэ ящыхуащІ, езы пащтыхьри Париж академием хагъэхащ.

Зэратхэжьмкіэ, лІэным ипэкІэ, Пётр Езанэм жиІауэ къаІуэтэж Бекович-Черкасский Александр илъ ищІэжьу зэрыхуэмэысар хуабжьу игу къеуэу.

Арщхьэкіэ, ди жагъуэ зэрыхунщІи, иужькІэ Бекович-Черкасскэм и картэр Урысейм щыбзэкІи, абы зэфІэгъэкІа лэжьыгъэр псынщІэу щащыгъупщэжащ. Ильэс 250-рэ дэкІа иужьщ ар франджы архивэхэм къыщыхъэгъэтэжар. Тельыджэщ, ауэ къэбэрдеипщым и картэр щІэныгъэм и иужьрей екъуэлІэныгъэхэр я лъабжьэу зэхалъхьа иджырейхэм къаззрыщхьэщыкІ щыІэхэм ящыщу тэмэму къыщыщІэльэгъуащ.

Каспийрэ Арал тенджызымрэ зэпызыщІэ кІэнауэ дэтІыкІыным техуауа лъжьыгъэр, ищхьэкіэ зэрыщыжьытІащи, щІэзэхублар совет властым и лъэхъэнэрщ. Ар и кІэм нагъэсакъым, ауэ Арал тенджызым Іисрафыр щыхуагъэкІуащ. Пэжщ, ар нэгъуэщІ псалъэмакъщ.

*«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъ

Жэм пыджэрей

● Рассказ

Сыщыцыкіум дэ зы жэм пыджэрей диІащ Джэмыдэкіэ еджэу. Нобэ хуэдэу сощІэж: ар апхуэдизкІэ пыджэрейти, псоми зэпыІуадзу щытащ.

Джэмыдэ ди адэмрэ ди анэмрэ фІэкІа зыри зыбгъэдигъэхьэртэкъым. Адрейкэр псори мыцІыху ищІырт, ирихужьэрти бжьакъуэпэкІэ кърихьэкІырт. Си къуэш нэхъыжь Ахьмэди сэри мызэ-мытІэу дыкъытрахьжьигъащ абы. Абы щыгъуэ Джэмыдэ и бжьакъуэпэм къызидзэ дыркъуэр иджыри хэмыгъуэщэжауэ тельщ си натІэм.

Цыхур дэнэ къэна, джэд-къазми теплъэ хъуртэкъым арІ И пащхьэ къихутэр иригухьэрт.

- Мы теурэзыр зыхуэмыкІуэныр мэкъумэр Іусымрэ фІэкІа зэмыпыдж дунеишхуэм теткъым, мы гуаамэр мыр!.. – игу ебгъэхукІэ хуэгъуэмэтІымэрт ди адэр абы.

Си ныбжьэгъу щІалэ цІыкІуэр пщыхьэщхьэкІэрэ былымым щыпежьэкІэт, сэ абыхэм сытым хуэдэу сехъуапсэрэт, жэм Іэсэ зэралэм щхьэкІэ! Пэжу, ди Джэмыдэжьым и зэранкІэ абыхэми чы къурагъышхуэ зырыз ямыІыгъуу Іэщым пежьэфыртэкъым.

Зы гъэмахуэ пщыхьэщхьэ гуэрым ди пщІантІэм мыпхуэдэ хьэлэмэт къыщыхъуащ. Іэхъуэ къыдыхьэжьІгъуэ хъуа димыІугъэу дыбэлэрыгъауэ, Джэмыдэ, и щхьэр гъэкІауэ, къэкІуэжащ. Ди анэм жэм къыззориш пэгуныр игъэхьэзыратэкъым, жэм бу макъ щызэхихым, псынщІэу пщэфІапІэмкІэ щыхьащ. Зыми тщІэжакъым ди Мадинэ и закъуэу пщІантІэм къыдэнауэ. Абы иджыри къипщыхьыф къудейт. ПщІантІэм къыдыхьэжа жэмыр сабийм зэрыхуэкІуэр щхьэгъубжэмкІэ къыщилъагъум, ди анэр пщэфІапІэм къыщІэжащ кІийуэ, ди адэри си къуэш Ахьмэди зэхэзежэ хъуащ. Арщхьэкіэ ущІэгъэзвэн щыІэтэкъым. Джэмыдэ сабийм бгъэдыхьэри, япэщыкІэ епэмащ, итІанэ и бзэгур къридзри абы и натІэ цІыкІум ебзейуэ хуежьащ. Мадинэ и щхьэц пІащІэ щабэ цІыкІуэм и бзэгу псыфыр дильэурэ цІуужу, дахэу игъэтІысыт.

Сабийхэр къезыгъэлыну пхъэрахэри, а тельыджэр щалъагъум, зэрагъэщІэгъуэнур ямыщІэу къызэтеувыІэжащ. АдэкІэ къэхъунум иригъэвэзу щыт пэтми, ди адэм ахэр зэхи жэмым бгъэдигъэхьакъым, «есэмэ нэхъыфІщ сабийм» жиІэри.

Мадинэ и щхьэ цІыкІур, жьым щІиупскІэ Іущхьэ нэхъей, жэм бзэгум адэ-мыдэкІэ иригъащІэрт, итІани ар гъыртэкъым. И анэм Іэ къыдилъэ хуэдэ, ар зэззэмызи гуфІэурэ къыхудэпльейрт.

Ижьжьым ди адэм Джэмыдэ Іуихури, сабийр и Іэплъэ иригъэтІысхьэжащ.

- Аращ-тІэ, - жиІащ абы, - Іащ жалэ щхьэкІэ, абыи гу кІуэцІыльщ.

Сэ жэм слъагъуху а ди Джэмыдэжь пыджэрейм ищІауэ щыта тельыджэмрэ ди адэм жиІа псалъэхэмрэ гуапэу сигу къокІыж.

ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан.

Макъ щыІэ?

Цыкіураш сымэ, девгъауи, хьэршым дытевгъэпсэлъыхь. Макъ щыІэу пІэрэ абы?

Фэ школым къыщыфщІащ макъ къэІун, абы зиубгъун щхьэкІэ хьэуа щыІэн зэрыхуейр. Аращ щІэныгъэм жиІэр. АтІэ, хьэршым макъыр щызэбгрыкІыгъэкІын хьэуа щыІэкъым. Ауэ щыхъуакІи, ящыныкъуэм деж пкъагъэхэр зэхуэзыщэ толъкъункІэ (гравитацэ толъкъун) зэджэр сэбэп мэхъу макъ Іун папщІэ. Физик цІэрыІуэ Эйнштейн пасэу жиІауэ щытащ апхуэдэ къару зэрыщыІэр. Зэман дэкІауэ, щІэныгъэри абы щыхьэт техьуэжащ.

Пкъахуит! зэжьэхуа нэужь, гравитацэ толъкъун къоунэхури, космос налъхэм ирокІуэ. Абы щыгъуэм макъ къагъэІу. Ауэ ар зэхэпхынкІэ Іэмал иІэкъым, мис а толъкъуныр къиубыдыным хуащІа Іэмэпсымэ къыумыгъэсбэпмэ.

АтІэ, макъ щыІэ хьэршым? ПыухыкІауэ жэуап пхуэтыну къыщІэкІынукъым. ЩыІэщ, ауэ ар цІыху тхьэкІумэм зэхихьыфыркъым.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

Зэшищым я хъыбар

● Іуэрыіуатэ

Бэдынокъуэ гъэзгу здытетым, жэщ къытехьэри псы Іуфэм щепсыхащ, и шыр ильэхьэри уанэр пІэщхьагъ ищІауэ здэщыІыым, шы лъэ макъ зэхихащ. КІыфым хэпльэри, шууищ къызэрыкІуэр ильэгъуащ. «Ягу ильэр сщІэркъым - щхьэ закъезгъащІэрэ?» - жери Бэдынокъуэ кІыфым хоувэ.

Шууищыр къэсащ, псы Іуфэми къыІухьэри, шым шхуэІур жьэдахащ. Шыр псы ирагъэфэху, Бэдынокъуэ шууищым якІэщІздэІухьащ.

- Ди шыпхъум и закъуэ къиднащ унэм, - жиІащ зым. – Дгъэззэкыу яхьынкІэ сошынэ.

- Хьищэрэ бгъишэрэ дэлъщ ди пщІантІэ – хэт хуэхьын? – къыпидзыжащ етІуанэм.

Ещанэм и псальи зэхихащ:

- Хэт игу къэкІын: мэлыфэ яхуомыдзауэ, бгъишэм уаззрыхьзэгъэн щыІэкъым, хьишэми уахэззгъэнукъым, мэлыщхьэ яхуомыдзмэ. ДыщІэшынэн щыІэкъым.

Зэхихам егупсысурэ, Бэдынокъуэ нэху игъэщащ. Шууищым зи гугъу ящІар пщащэ цІэрыІуэт, къыщІэупщІэми иратыртэкъым, яхьынуи зыхуэзфІэкІ къыкъуэкІыртэкъым. Бэдынокъуэ зрихьэлІа шууищыр пщащэм и дэлъхут, мафІэр къаІуролъэлъ жыхуаІэм хуэдэти, зэшищыр унэм исмэ, езыкуи щыІэтэкъым, зэшищыр унэм икІмэ, хьишэмрэ бгъишэмрэ уафІэкІынутэкъым.

Бэдынокъуэ и пщІыхьэпІэ дэнэ къыщыхэхуэнт пщащэ цІэрыІуэм и дэлъхуищым я тІасхъэ щыгъуазэ хъункІэ: пщащэр яфІихьын мурад ищІащ. Амыщ и хъушэм хьихьэри зы гъэлъэхъу иригъэукІащ, гъэлъэхъум и фэмрэ и щхьэмрэ уанэ къуапэм фІидзэри гъэзгу теуващ. Пщащэм и дэлъхуэр зэрежьар ильэгъуати, ар зыдэс банапцІэ чом ирихулІащ Бэдынокъуэ. Шы лъэ макъ щызэхахым, хьишэмрэ бгъишэмрэ зэрызехьэ хъуащ, жьапщэм хуэдэу къызэрехьэжьэри, Бэдынокъуэ къаувыхьащ: хьишэр къжьэхохобанэ, бгъишэр дамэкІэ къонэпкъауэ.

Гъэлъэхъум и щхьэр яхуидзри, хьишэр зэхигъэльэдэжащ; щхьэр зэпаубыдауэ зым адрейм къыжьэдеч, шури къафІэІуэхужькъым. Зэрыхьыурэ зэрыдэмри, хьэ банэ макъри ужьыхьыжащ. Мэлыфэр щахуидзым, япхъуатэри, бгъишэр узгум ихьэжащ.

Хьишэмрэ бгъишэмрэ щыщхьэщыкІым:

- Хъуащ иджы! – жери Бэдынокъуэ банапцІэ чор шыбгъэкІэ ирищыкІащ, пщащэр шыплІэм къыдидзэри чом къыдэкІыжащ.

ЗэгъунэгъуитІ

● Хъыбар

Зы жьлэжь зэгъунэгъуитІ дэст. Зым Іэщыщхуэ зэриухуэрт, адрейр мэл-бжэным нэхъ пылът. Гъатхэй хъуауэ тІури гъуэмыладжэт, ауэ мэл зезыхуэм и Іуэхур нэхъыфІыуэт. Іэщ цІыкІур дыгъафІэхэм щигъэхъу хъурт, ауэ Іэщыщхуэм иджыри зыри къахуэзубыдыртэкъым ягъэхъукІи.

Махуэ гуэрым, ныкъуейри (хы ФІыцІэмкІэ къыкІ жьыбгъэщ) къыхуищІэу къепщэу, тІури уэрамым къыдэкІауэ, зэхуэтхьэусыхэу зэбгъэдэтт. Мэлыхъуэм жери:

- Ныкъуеижь мыгъуэм кърегъэбжьри, жэмыжьибгъу зиІэм и мыгъэщ, - жиІэу и гъунэгъум къощэ.

Адрейм сыт жиІэнт, и гъунэгъум жиІар пэжт. Ауэрэ, сытми шхахуэ, лъабжьэжь жимыІэу и Іэщыр гъэ тригъэхьащ, загъэнщІыжри гъэшри къуэурыжащ. Мэлыхъуэм и мэлбжэнхэр Къущхьэхъу яхуауэ гъэшыншэт. Иджыри зэ къыдэкІауэ щызэхуэзэм:

- Уэсэпс тхьэгъум зегъэшри, гъэш зимыІэр тхьэмыщкІэщ! – жрелэж и гъунэгъу мэлыхъуэм. – Шей къарэм зевмыгъэукІыу, пщэдджыжь къэс фынакІуэурэ, жэм къуагуэжьыр къэфщ фи бжэнхэр къахужьыу! – дыщІегъуж абы, епльыхьу щыт и гъунэгъум и гур фІы хуищІыжу.

Джей щІыхур

Дунейм псэущхьэ нэхъ ин дыдэу тетыр джей щІыхурщ. Абы метр 33-м щІигъу и кІыхьагъщ, тонни 150-рэ и хьэпльагъщ. Гупышхуэ зэи зэрыгъэхъуэкрэкъым, щхьэзакъуэхэщ е 2-м щегъэжьауэ 5-м нэс зэщІыгъуэхэщ. Джейр хьэрэм зи шхыныгъуэу къалъытэркъым. Абыхэм яшх планктонхэмрэ елыркъэш лІэужьыгъуэхэмрэ. Джей щІыхум и жэр ину зэтрехри, псы зэжьэдешэ. Мис а псым хэлъщ и шхынхэри. Махуэм кърибубдэу джейм елыркъэш лІэужьыгъуэу тонни 8-м нэблагъэ ешх. Джейм ещэкІуэну езыкуфыр щІыхумрэ касаткэмрэщ. Джей щІыхуэр мэпсэу илъэс 80-90-кІэ, нэхъыбэ дыдэрэ илъэси 110-кІэ. Ахэр еэыхэр зэрызэрыщІэ макъ яІэжщ. А макъыр километр 33-кІэ зэпэІэщІэми зэхах.

Джей щІыхур псы щІагъым метри 140-кІэ йосых, дакъикъи 8 - 10-кІэ мыбауэу щытыфщ. Абыхэм я нэр жанкъым, мэри щІагъуэу къащІихьэркъым, уеблэмэ яшхым и Іэфіри зыхащІэркъым. Ауэ ахэр егъэлеяуэ тхьэкІумафІэхэщ. Джей балигъым и гум тонн бжьгъэ и хьэпльагъщ. Абыхэм ятетщ метр зи кІыхьагъ пащІэ фІыцІэ. Ар щышхэкІэ къахуосэбэп. Джейм и шыр къалъхуагъащІэр тонни 3 мэхъу.

ГЪУЭТ Синэ.

Псалъэзэблэдз

	1							
	2							
		3						
4								
	5							
	6							
		7						
8								

Къуажэхьхэр къафщІэмэ, къехыу сыт фыкъыызэджэнур?

1. ХьэщІэр зыгъашхэу шхалъэм дэпкІэж. **2**. Дыгъэ кьепсмэ, си гъусэщ, пшэ кьытехьэмэ, зегъэпщкІу. **3**. Зэшищ зы пыІэ ящхьэрыгъщ. **4**. Дзэ уз зымыщІэ, дзэ куэд зыІут. **5**. Шындбэзий гъэгъуагъуэ, данагъуэ пщэдыкъ. **6**. Бгыкъуншэ унэ. **7**. Ди унэ бжэІупэ хьэ кьарэ цІыкІу Іусщ, икІи мыдзакъэ, икІи мыпсалъэ, унэми ущІимыгъэхьэ. **8**. Къэрабэ пльыфэу уафэм едэжкІа.

Зэхэзылъхьар **БИЦУ Жаннэщ.**

ЖЭУАПХЭР:

1.Бжэмышхъ; **2**. Нысфжь; **3**. Іэнэ; **4**. Пхъэх; **5**. АДаягъэ; **6**. Уафэ; **7**. Ужькіыбэ; **8**. Пшэнпь.

Къехыу фыкъжьэдЖэнуи: ЖъкІэлъатІуэ.

Лалинэ цІыкІу удз гъэгъа фІэфІщ.

Гъэмахуэ

Дыгъэр гуфІэу къэушащ,
Удз гъэгъахэм деж сишащ,
Гъэгъа зэмыфэгъухэм
Щхьэщэ къысхуащІащ,
Сэри си гур хэхъуэу,
Гуапэу Іэ дэсльащ!

КУЭШМЭН Жаннэ.

Мимэгъэжей

Мимэ-мимэ,
Я нэхъ мимэр
ПщэпцІанэ,
Мимэ-мимэ,
ПщэпцІанэжьыр
Мэгъуалъхьи,
Мимэ-мимэ,
Вагъуэм и бэу кърешри,
Мимэ-мимэ,
Удзым и бэу хешэжи,
Мимэ-мимэ,
Хьэщхьуэ кІагуэр къоуаси,
Мимэ-мимэ,
Сысей-ууей имыщІэ,
Мимэ-мимэ,
Зырызыххэу эзщІекъуи,
Мимэ-мимэ,
Мимэ къарэ-къарэ,
Мимэ-мимэ,
Къэрэщейхэ дыдохьэ,
Мимэ-мимэ,
Я хьэм зыкъыдедзи,
Мимэ-мимэ,
И дзэр Іудоуди,
Мимэ-мимэ,
И тхьэкІумэр тыдочи,
Мимэ-мимэ,
Чыну ныщІыдохуэ,
Мимэ-мимэ,
Пабжьэм хьдохуэжи,
Мимэ-мимэ,
ЖъэркІэ дыкъыщІопхъуи,
Мимэ-мимэ,
Пыпхъуэм дыдожейри,
Мимэ-мимэ,
Жеймн дыхелъафи,
Мимэ-мимэ,
Уафэр ди тепІэни,
Мимэ-мимэ,
Нанэ ди лъыхъуакІуи.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкіэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщі Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; яужьжэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэзмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суръеттехэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.576
Заказыр №1614
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*.

Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Мэлбахьуэ Анжелэ.**

Суретхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтіыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзэр сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.